O`ZBEKISTAN RESPUBLIKASI AWIL HA`M SUW XOJALIG`I MINISTRLIGI

TASHKENT MA`MLEKETLIK AGRAR UNIVERSITETI NO`KIS FILIALI

SELEKCIYA, TUXIMGERSHILIK, O`SIMLIKLERDI QORG`AW HA'M KARANTINI KAFEDRASI

BAKALAVRIAT 5410400 – AWIL XOJALIG`I EGINLERI SELEKTSIYASI HA`M TUXIMGERSHILIGI TA`LIM BAG`DARI

4 – kurs studenti

SEYTMURATOVA SHOLPAN TEN'ELBAEVNAnın'

# PITKERIW QA`NIGELIK JUMISI

## BOLGAR BURISHININ' QARAQALPAQSTAN IQLIM SHARAYATINA BIYIMLESKEN QOSPAQLARIN U'YRENIW

**Basshı:**
dotsent w.w.a., a.x.i.k. D.E.Madreyimova

**Pitkeriw qa`nigelik jumısı ko`rip shıg`ıldı ha`m jaqlawg`a ruxsat etildi**

Selekciya, tuxımgershilik, o`simliklerdi qorg`aw ha'm karantini kafedrası baslıg`ı, a.x.i.k.
__________________ A.Utepbergenov
2016-jıl «___»_______________.

Agronomiya fakulteti dekanı,

dotsent____________ A.Xojasov

2016-jıl «___»_______________.

No'kis – 2016 j.

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



# MAZMUNI

**Kirisiw** ………………………………………………………..……………….. 3

**I - BAP. Adebiyatlardan sholıw.**……..…………...…………..…………........…………… 5

1.1. Ovosh o`simlikleri ishinde bolgar burıshının` ornı.................................... 11

1.2. Bolgar burıshının` botanikalıq minezlemesi, morfo-biologiyalıq o`zgeshelikleri ha`m agrotexnikası........................................................................ 12

1.3. Bolgar burıshınan konserva tayarlaw texnologiyası................................... 18

1.4. Bolgar burıshı selektsiyası jetiskenlikleri ha`m O`zbekistanda rayonlastırılg`an qospaq ha`m sortları........................................................................... 21

**II - BAP. Ta`jriybe qoyılatug`ın aymaqtın` topıraq ıqlım jag`dayları ha`m ta`jriybe metodikası** …...………………………………………………........... 28

2.1. Ta`jriybe o`tkeriletug`ın aymaqtın` topıraq ıqlım jag`dayları…………..... 28

2.2.Ta`jriybenin` maqseti ha`m wazıypaları…………………………………….. 33

2.3.Ta`jriybe ob`ekti ha`m metodikası……………………………………….. 34

**III - BAP. Ta`jriybe na`tiyjeleri ha`m olardı talıqlaw** ……………......... 35

3.1. Bolgar burıshının` tuxımlıq sapasın anıqlaw……………………………… 35

3.2. Bolgar burıshının` tuxımlıq sapasın 1000 dana tuqım salmag`ı tiykarında u`yreniw......................................................................................................... 39

3.3. Bolgar burıshının` tuxımlıq sapasına mu`ddetlerinin` ta`sirin u`yreniw 42

**IV. Juwmaqlawlar ha`m usınıslar** ……………………………………….. 46

**V. O`ndiriste insan o`miri qa`wipsizligi** ……………………………….. 47

**VI. Paydalanılg`an a`debiyatlar dizimi**……………………………………... 53

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



# KIRISIW

Ovosh o`simlikleri du`nyanın` barlıq ma`mleketlerinde jetistiriledi ha`m ju`da` ko`p paydalanıladı. Ma`mleketimiz g`a`rezsizlikke eriskennen son` ekonomikamızdın` a`hmiyetli bo`legi bolg`an awıl xojalıg`ı tarawında da u`lken o`zgerisler ju`z berdi. Xalıqtı azıq-awqat penen ta`miynlew, tamarqa xojalıqlarınan u`nemli paydalanıw ha`mde o`nimnin` o`zine tu`ser bahasın azaytıw barısında bir qansha pa`rmanlar ha`m qararlar islep shıg`ılg`an.

Bul pa`rmanlardın` mazmunı, qayta islew ka`rxanaları ha`m xalqımızdın` kartoshka ha`m ovoshlarg`a bolg`an talabın qandırıw ha`m ja`ha`nde kelip shıg`ıp atırg`an qarızdarlıqtın` aldın alıw, diyxanlardın` jasaw sharayatın jaqsılawdan ibarat.

Ovoshlar a`yyemnen egilip kiyatırg`an ha`m olar biologiyalıq aktiv zatlar orayı esaplanadı. Ratsional awqatlanıw haqqındag`ı zamanago`y pa`n qag`ıydalarınan birinde: kolloriya kem bolıwı ha`m biologiyalıq bahası joqarı bolıwı kerek delingen. Ovoshlarda baska azıq-awqatlar sıyaqlı insanlardın` jasawı ha`m iskerligi, sonday-aq salamatlıgın saqlaw ushın biologiyalıq aktiv zatlarg`a bay.

Biologiyalıq aktiv zatlarg`a vitaminler, mineral zatlar, organikalıq kislotalar ha`m basqada bir qansha quramalı organikalıq birikpeler kiredi (M.Z.Eveneshteyn, 1990; A.S.Bolotskiy 1998; M.T.Tarakanov, 2003; V.I.Zuev, X.Ch.Bwriev ha`m D.E.Madreyimova, 2009).

Respublikamız salamatlıqtı saqlaw sho`lkemleri ta`repinen ha`r bir insan jıl dawamında 45 kg kartoshka, 113 kg ovosh, solardan pomidordan 25 kg, kapusta, piyaz, geshirden 18 kg, la`blebi, qıyar 5,5 kg, tu`rpi, bolgar burıshı ha`m sobıqlılardan 3,7 kg paydalanıwı usınıs etilgen.

O`zbekistan Respublikası Prezidentinin` 9-yanvar 2006-jıldag`ı NPF – 37 09 “Miywe, ovosh ha`m ju`zimgershilik tarawındag`ı ekonomikalıq reformalardı teren`lestiriw is-ilajları haqqında” g`ı pa`rmanı ha`m “Ja`ha`n finans-ekonomikalıq

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



qarızdarlıg`ı O`zbekistan sharayatında onı joq etiw jolları ha`m is-ilajları” atamasındag`ı shıg`armasında diyxanlar turmıs sharayatın ja`nede jaqsılaw ha`m joqarılatıw maqsetinde fermerlerge ovosh ha`m kartoshka jetistiriw ushın bekitilgen jer maydanı 2,5 ese yamasa 10 gektardan 24,7 gektarg`a shekem arttırıw haqqında so`z ju`ritken.

Qaraqalpaqstan respublikası ha`m oblastlardın` barlıq tu`rdegi xojalıqlarda 2010-2011 jıllarda ovosh jetistiriw rejege muwapıq 108,2 protsentti yamasa 6346,4 mın` tonna bolg`an ha`m kartoshka jetistiriw rejege salıstırmalı 108,1 protsent yamasa 1692,9 mın` tonnag`a orınlang`an.

Respublikamızda ovosh eginlerinin` 60 protsenti na`lden tayarlanıp egiledi. Ovosh o`simliklerin na`lden egiw abzallıqlarınan biri tuxım mug`darı tejeledi, bunda ashıq maydang`a egilgen tuxımlardan, na`l tayarlap egilgende 3-7 ese kem sarplanadı.

Joqarı zu`ra`a`tlilik, ertepiserlilik ha`m o`nim sapası jaqsılıgı, bul sol jerge biyimlesken sorttı durıs tan`law, na`l tayarlaw mu`ddeti ha`m agrotexnikaga baylanıslı. Solay eken, biz tan`lag`an Bolgar burıshının` tuxımlıq sapasına egislik mu`ddetlerinin` ta`sirin u`yreniw bizlerdin` bilim ha`m ta`jiriybemizde asırıwda a`hmiyetli.

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

# I BAP. A`DEBIYATLARDAN SHOLIW

O`ndiriste ovosh eginlerinin` zu`ra`a`tligin asırıwda en` tiykarg`ı faktor o`nimnin` o`zine tu`ser bahasın arzanlatıw bolıp tabıladı. Bul ma`seleni sheshiwde a`lbette sol klimat sharayatqa biyimlesken, selektsiya jolı menen jaratılg`an, joqarı zu`ra`a`t beriwshi jan`a rayonlasqan sortlardı jaratıw bolıp tabıladı. Prezident I.A.Karimov, finans – ekonomikalıq krizisten shıg`ıwdın` tiykarg`ı faktorı bul o`nimnin` o`zinen tu`ser bahasın arzanlatıw bolıp esaplanadı. (I.A.Karimov, 2009).

O`zbekistan Respublikası g`a`rezsizlikti qolg`a kiritkennen keyin ma`mleketimizde selektsiya ha`m tuxımgershilik jumısların sho`lkemlestiriw ha`m rawajlandırıwg`a ja`nede ko`birek itibar bermekte. 1996-jılı 29-avgustta «Tuxımgershilik xaqqında» g`ı ha`m 1996-jıl 30-avgustta «Selektsiya jetiskenlikleri haqqında» g`ı O`zbekistan Respublikası nızamlarının` Oliy ma`jlis ta`repinen qabıl etiliwi usının` da`lili esaplanadı. «Tuxımgershilik haqqında» g`ı nızam tuxımshılıqqa tiyisli tiykarg`ı tu`sinik ha`m atamalardı, tuxımshılıq jumısının` tiykarg`ı wazıypaların, tuxımlar sapasın anıklaw, olardı sertifikatlastırıw ha`m realizatsiya etiw ta`rtibin, tuxımshılıqtın` ilimiy jetiskenliklerin sho`lkemlestiriw jolların, tuxımlardı sertifikatlaw ha`m sapasın kontrollawda ma`mleket organlarının` a`hmiyetin belgilep berdi.

O`zbekistan Respublikası Prezidenti I.A.Karimov 1997 jıl 25 dekabrde Oliy Majlistin` X sessiyasındag`ı so`zine, awıl xojalıg`ı o`ndirisin rawajlandırıwdın` elede sheshilmegen ma`selelerinen biri - joqarı sapalı tuxımlıq materl menen ta`miynleniw da`rejesi dep aytıp o`tti.

Ashıq maydang`a tuwrıdan-tuwrı tuxımnan jetistirletug`ın pomidor, bolgar burıshı, baklajan eginlerin egiw jumısları hawa rayı sharayatına qarap mart ayının` u`shinshi on ku`nligi ha`m arqa regionlar ushın aprel ayının` ekinshi on ku`nligine shekem a`melge asırıw mu`mkin (R.Xakimov, M.Xoldorov, F.Rasulov, 2015).

Tuxımlar sapasın joqarılatıwda olardın` ha`r tu`rli sapalılıg`ı sebeplerin u`yreniw jan`a imkaniyatlardı ashıp beredi. Tuxımlar ana o`simlikte jaylasıwına

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

qarap ha`m jetistirilgen sharayatqa qarap, sapasın o`zgeritiwi anıqlang`an. Sonlıqtan joqarı sapalı tuxımlardı tayarlaw texnologiyasın sho`lkemlestiriw ha`zirgi ku`nnin` aktual ma`seleleri esaplanadı.

Tuxımlıq ushın qaldırılg`an o`simlik paqalının` du`zilisi yamasa arxetektonikası, tuxımlardın` formalanıwı ha`m pisip jetilisiwinde u`lken parq boladı. Tuxımlıq ushın qaldırılg`an o`simlik paqalının` tu`rli bo`limlerinde tuxımlardın` payda bolıwı jaqtılıq, azıqlanıw, shan`lanıw ha`m pisiw sharayatlarının` ha`r tu`rli bolıwına baylanıslı. O`simlikler du`niyasında tuxım sapasının` ha`r tu`rliligi tu`sinigi ken`nen tarqalg`an bolıp, tuxımlıq ushın qaldırılg`an o`simliktin` tu`rli shin`gillerinen jıynap alıng`an tuxımlar egislik sapasına qarap g`ana emes, ba`lki o`nimdarlıq – biologiyalıq – morfologiyalıq belgilerine ha`m xojalıq ko`rsetkishlerine qarap ajıraladı. Tuxımlar sapasının` ha`r tu`rliligi ko`pshilik faktorlar menen: morfogenezdin` bir waqıtta bolmawı, shan`lanıwdın` ha`r waqıtta o`tiwi, payda bolıp atırg`an tuxımnın` anatomiyalıq ta`repten birdey rawajlanbawı, assimilyatsiya protsessinin` ha`r tu`rliligi, mineral zatlar menen azıqlanıwı menen baylanıslı. (Kuchkarov B.K., Djanikulov B., Saburov B, 1974, Martirosyan G.S., 1998, Kuchkarov B.K., Djanikulov B., Saburov B, 1999, Buxarova A.R., Buxarov A.F. Zuxra, 2000).

Ashıq maydanlarg`a egiw ushın bolgar burıshı na`lleri da`slep plyonkalı jabıq jerlerde tayarlanıladı. Plyonkalı ıssıxanalarda na`llerdi samallatıw ha`m shınıqtırıw jeterli bolganda na`ller tez rawajalnıp ashıq maydang`a ko`shirilgende jasawshan`lıg`ı artadı.

Tuxımlardın` jasaw qa`biliyeti – tiri zat, formanın` saqlanıp turıw qa`siyeti, onın` sırtqı ortalıq penen tıg`ız baylanısta bolıwın belgilewshi ishki za`ru`rlik esaplanadı. Tuxımlardın` jasaw qa`biliyetin belgilewshi en` anıq usıl tuxımlardı tuwrıdan-tuwrı o`ndirip ko`riw. Ha`r bir tuxımı o`zinin` biologiyalıq qa`bilietine yag`nıy individuallıqqa iye boladı, sebebi tuxımlar o`zinin` ta`biyatı ta`repinen birdey bola bermeydi. Sog`an qarap tuxımlardın` o`nimdarlıg`ı da ha`r qıylı boladı. Tuxımlıqqa egilgen egin paqallarının` ha`r tu`rli bo`limleri, ha`r qıylı top gu`lleri

ha`m miywelerinen alıng`an tuxımlar ko`pshilik belgileri ha`m qa`siyetleri ta`repinen bir-birinen bir qansha parıqlanadı ha`m bir tegis bolmaydı. Tuxımlardın` bir tegis bolmaw qa`siyeti tuxımlardın` ha`r tu`rliligi dep ataladı.

Sonday-aq, tuxım sapasının` miywelerdin` paqalda jaylasıw ta`rtibine qaray ha`r tu`rli bolıwı haqqında bir qansha maqalalar shıqqanı menen ha`r bir avtor o`z pikirlerin bildirgen.

T.R. Tamberg tuxım sapasının` ha`r tu`rliligi boyınsha birinshi klassifikatsiyanı islep shıqqtı, biraq onın` klassifikatsiyası sol waqıtları ilimde izleniwshiler ta`repinen qollap quwatlanbadı.

Ershova V.L.(1990), Baxramov B.B. (1999), Juchenko A.A. (2002) mag`lumatlarına qaraganda o`simlikler du`niyasında tuxım sapasının` ha`r tu`rliligi boyınsha hawa rayının` jaqsı bolmawınan, temperaturanın` to`men bolıwınan buzıladı degen pikirler bar.

E.G. Dobrutskaya tuxımgershilik tarawında; tuxımshılıqta sortlardın` jaylasıw ornına qaray; tuxımgershilikti rawajlandırıwda tayarlang`an tuxımlardın` egislik sapası ha`m o`nimdarlıq ko`rsetkishleri standart talaplarına juwap beretug`ın da`rejede bolıwı kerekligin aytıp o`tken. Sonday-aq tuxımlardın` rawajlanıwına vegetatsiyalıq da`wir ha`m tuxımlar jaylasıw ta`rtibine de baylanıslılıg`ın u`yrengen. Bul sonı bildiredi tuxımgershilik xojalıqlarda biologiyalıq o`zgesheliklerdi ha`m ekonomikanı esapqa alıw menen birge onın` ekologiyalıq ornında itibardan shette qaldırmaw kerekligin aytıp o`tken. Tek g`ana kompleksli izertlewler na`tiyjesinde tuxımgershilik xojalıqların jaqsılawg`a, sonday-aq tuxımlardın` egislik sapasın, o`nimdarlıq ko`rsetkishlerinin` joqarlılıg`ın ha`m tuxımshılıqta sortlıq o`zgesheliklerdin` jaqsılanıwına erisemiz.

Tuxımlardın` ha`r qıylı sapalılıqqa iye bolıwı filogenez protsessinin` za`ru`riy evolyutson biyimlesiwi bolıp tabıladı. Tuxımlıq ushın qaldırılg`an o`simlik paqalının` du`zilisi yamasa arxetektonikası, tuxımlardın` formalanıwı ha`m pisip jetilisiwinde u`lken parq boladı. Tuxımlıq ushın qaldırılg`an o`simlik paqalının` tu`rli bo`limlerinde tuxımlardın` payda bolıwı jaqtılıq, azıqlanıw,

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



shan`lanıw ha`m pisiw sharayatlarının` ha`r tu`rli bolıwına baylanıslı. Respublikamızda ovosh o`simliklerinin` derlik 60 protsenti na`lden jetistirledi. Ovosh o`sitmliklerinin` na`lden ashıq maydanga egiwdin` abzallıqları tuxım mug`darı turaqlı orıng`a egilgennen na`lden jetistirgende 3-7 ese kei sarplanadı. O`zbekistanda na`lden jetistiriw o`siw da`wirinin` qısqarıwına alıp keledi.

Bolgar burıshı na`llerinin’ boyı 1 metr parniklerde jetistiredi. Na`ller 15-21ºS temperaturada o`siriledi. Tuxımlar torf – shirindili tu`bekshelerge ekewden yamasa arnawlı yashiklerge ha`mde parnik topırag`ına sebiledi. Na`ller bekkem bolıp o`siwi ushın na`zik o`sken maysalar alıp taslang`an halda birip shıg`ıladı. Ashıq maydang`a egiwden aldın na`ller shınıqtırılıwı kerek (X.Ch.Buriev, K.S.Sultanov, Z.A. Abdikayumov Z.A., 2014).

Respublikamızda bolgar burıshın na`lden tayarlap ekkenimizde tuxımnın` tejeliwine, ja`ne de egiw sxemasının` durıs ornatılıwına unamlı ta`sirin tiygizedi. Bunnan tısqarı tuxımlıq sapasının` jaqsılanıwına alıp keledi.

Joqarı zu`ra`a`tli, ertepiser ha`m o`nim sapasının` jaqsılanıwı sapalı tuxımlardı egiw, na`l tayarlaw mu`ddeti ha`m ashıq maydanga egiw mu`ddetine ju`da` itibar beriliw kerek.

Tarakanov T.I. (2003) mag`lumatı boyınsha tuxımlardı jerge egiwden aldınnan sapalı tuxımlardı egip tayarlang`an bolgar burıshı na`llerin ashıq maydanga belgilengen sxemada ekken abzalıraq ha`m egis aldınan topıraq jumsartıladı, suwg`arıladı ha`m na`ller barlıq denesi (japırag`ı, paqalı, tamırı) paydalı o`siriwshi zatlar menen islengennen son` jerge egiledi. Bul o`simliktin` tez rawajlanıwına ha`m o`siwine unamlı ta`sirin tiygizedi.

N.N.Balashev, G.O.Zeman (1977), V.I.Zuev, A.Abdullaev (1997) lardın` mag`lumatlarına qarag`anda na`l jetistiriw ushın eki ese organikalıq shirindi yamasa jaqsı tayarlang`an kompost ha`mde bir ese o`nimdarlı atız topırag`ı tayarlanadı. Tuxım egiletug`ın parnikler 10-12 sm qalın`lıqta topıraq salınadı.

ABBYY PDF Transformer 2.0
Click here to buy
www.ABBYY.com



ABBYY PDF Transformer 2.0
Click here to buy
www.ABBYY.com

Tuxımlar ısıtılatug`ın yamasa ısıtılmaytug`ın parniklerge na`lleri ashıq maydanlarga otırg`ızıwdan shama menen 60-70 ku`n burın egiledi. Bul fevral ayının` ekinshi on ku`nligi mart ayının` baslarına tuwrı keledi.

Tuxımlardı shashıp yamasa qatarlap egiw mu`mkin. Eger tuxımlar shashıp egilgende olardın` u`stine ja`ne bir qabat shirindi topıraq salınadı. Qatarlap egiw ushın qarıqlar aralıg`ında plenkalı markerlerden paydalanıladı. Bolgar burıshının` tuxımları 30-35 gramm egilse bir gektar jerge jeterli na`llerdi alıw imkanın beredi. Tuxımlar iri-maydalag`ına qarap 3-4 mm den 10 mm ge shekemgi teren`likte egiledi. Tuxım egilip bolıng`annan son` joqarı tepmperaturalı sharayatta ta`rbiyalaw jumısları alıp barıladı.

V.I.Zuev, A.A.Ataxwjaev, O.O.Kodirxwjaev (2007) lerdin` bergen mag`lumatlarına qarag`anda bir gektar ashıq jerge (55-60 mın` dana) na`l jetistiriw ushın 150-200 $m^2$ maydannan shıqqan na`ller 2500-3000 dananı, azıqlanıw maydanına qaray shıg`atıg`ın na`ller sanı 100-400 dananı quraydı.

Tuxımlardın` ha`r tu`rli bolmawı olardın` na`sillik belgiler, toparaq-klimat sharayatları ha`m arxetektonikasına da baylanıslı [28,17, 28,29,32].

Bizge belgili, ha`r bir tuxım o`zinin` individine ha`m biologiyalıq, qa`siyetine, sonday-aq morfologiyalıq ha`m fiziologiyalıq o`zgesheligine iye. O`z-o`zinen shan`lanatug`ın o`simliklerde ha`r bir tuxım zarodıshı tiykarg`ı sortlıq belgilerdi saqlag`anı menen birge ha`r bir tuxım sapası o`zine ta`n o`zgeshelikke iye [26,27].

Tuxımgershilik tarawında ha`m o`nimlerdin` zu`ra`a`tligin arttırıwda tuxımlardın` shıg`ımın ha`m o`nimdarlıqtı aldınnan boljawda u`lken rol oynaydı. Tuxımlardın` iriligi – olardın` sapasın biliwdegi en` a`hmiyetli ko`rsetkish esaplanadı..

Qaraqalpaqstan sharayatında ken` tarqalg`an ha`m ma`mleketlik reestrge kiritilgen bolgar burıshı o`simliginin` zu`ra`a`tliligi ha`m egislik tuxımlardın` kem sarplanıwına u`lken ta`sirin tiygizetug`ın ko`rsetkishlerdin` biri tuxım shıg`ımın ha`m 1000 dana tuxım awırlıg`ı boyınsha ta`jriybe o`tkerdik.

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



E. A. Komenir, A. K.Karimov, B. E Shukshina (1986) aytıwınsha, ıssılıq ha`m jaqtılıqtın` jetispewinen tolıq jetilispegen ha`m push tuxımlar sanı artıp baradı.

A. V. Lazarev (2005) pikirinshe, ha`r qıylı agroekologiyalıq sharayatlar morfogenezdin` rawajlanıwına ha`m a`wladın`ın` zu`ra`a`tligine keskin ta`sirin tiygizedi. Bunday ekologiyalıq sharayatlarda o`simliktin` o`lshemi, o`nimdarlıq elementleri, ontogenez da`wirleri o`zgeriske ushıraydı, sonday aq, bul faktorlar tuxımlardın` tolıq jetilisiwine de keri ta`sirin tiygizedi.

Ha`r qıylı sırtqı faktorlardın` ta`sirinde o`nimdarlıq keskin to`menleydi. Bunday o`simlik ushın qolaysız sharayatlarda L.L.Eremenko ha`m E.G. Grinberg (1977) ta`jriybe otkerip ko`rgen. Olar topıraq – klimat-sharayat - o`simlik arasındag`ı baylanıstı ha`m o`zgeristi u`yrengen ha`m ekologiyalıq sharayatqa u`lken itibar berip analizlegen. Bunday jag`daylarda mikroklimatı esapqa alıw za`ru`r.

E.G. Dobrutskaya (2004) o`z ta`jriybesinde tuxımgershilik tarawında differentsial ortalıqtın` ta`sirin, sorttın` sol sharayatqa biyimlesiwshen`ligin (adaptatsiyalanıwın) ha`m tarqalıwın, tuxımlardı realizatsiya etiwde itibarlı bolıwın aytqan. Ol sonday-aq sırtqı faktorlardın` o`smliklardın` rawajlanıw ha`m miywelerdin` texnikalıq pisiw da`wirinde ha`m tuxımlardın` formalanıw waqtında keskin ta`sirin tiygiziwin aytqan. Demek ovoshlardın` tuxımgershiligin sho`lkemlestiriwde onın` ekonomikalıq ha`m biologiyalıq o`zgeshelikleri menen birge ekologiyalıq sharayatın da esapqa alıw lazımlıg`ın aytıp o`tken. Kompleksli izertlewler na`tiyjesinde tuxımgershilik tarawın jaqsılaw ha`m onnan keyingi a`wladlarının joqarı sapalı, zu`ra`a`tli, sortlıq ha`m egislik sapası jaqsı tuxımlar jetiyatiriw mu`mkinligin anıqlag`an.

D.D. Brejnev (1955) klimat-sharayat tuxımının` shıg`ımına da o`z ta`sirin tiygiziwin ha`m tuxımlardın` ha`r qıylı o`lshemge iye bolıwın anıqlag`an. Bunda alım ha`r qıylı klimat sharayatlarda jetistirilgen tuxımlardın` a`wladın bir jerge ko`rgeninde

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

Akademik D.D.Brejnevtin` mag`lumatlarına qarag`anda miywelerden tuxım shıg`ımı ha`m birdeylilіgi jetistirilgen klimat sharayatına baylanıslı ekenligin anıqlag`an. Sonday aq a`wladının` tuxım zu`ra`a`tligi de sharayatqa qarap ha`r qıylı na`tiyjeni bergen.

Ko`pshilik izertleniwshiler uzaq waqıttan berli tuxımlardın` egislik sapalılıg`ına ha`m keyingi a`wladlarının` zu`ra`a`tligine ta`sirin u`yrenip kelmekte. Ko`pshilik alımlar tuxım sapalılıg`ı boyınsha bir pikirge kelmegen. Ayrım izleniwshiler tuıqim massasına zu`ra`a`tliktin` ta`sirin (Makarov I.A. h.t.b), al basqaları kerisinshe pikirler bildirgen. (Alekseev R.V., 1973; Lukyanenko A.N., 1968), u`shinshi alımlar o`sitmliktin` o`nimdarlıg`ı tuxımnın` ximiyalıq quramına baylanıslı ekenligin aytqan. Bunday ha`r qıylı pikirlerdi avtorlar o`zlerinin` ta`jriybe na`tiyjeleri menen da`liylep bergen.

## 1.1. Bolgar burıshının' a'hmiyeti ha'm o'zgeshelikleri

Bolgar burıshı— bahalı azıq awqatlıq o`simlik bolıp, da`rilik ha`m xosh iyisli qa`siyetlerge iye. Bul o`simlik o`z na`wbetinde vitaminlerge bay ovosh esaplanadı. A`sirese quramında S vitamini (askorbin kislotası) ko`p mug`darda ushırawı menen baska ovosh o`simliklerinen ajıralıp turadı. Bolgar burıshının` jetistiriw sharayatı ha`m pisip jetilisiw da`wrine qarap miywesinin` quramındagı S vitamini (limong`a salıstırg`anda 4 ese) joqarı bolıp, ortasha 100 gramm shiyki zatında 200—300 mg mug`darda ushırasadı. Insan organizimi ushın paydalı ha`m jaqsı qan aylanısı ushın toplanatug`ın miyweleri R (rutin) vitaminine ju`da` bay 140—170 mg/100 g, bul insan organizminin` qan aylanısına ha`m sosudlardın` jaksılanıwına u`lken ja`rdem beredi. Bunnan tısqarı karatinoid (provitamin A) – 1,7-2,0 mg/100g mug`darda boladı. Askorbin kislotası, rutinin ha`m karatioid miywenin` pisiwi menen artıp baradı. Adam ushın S ha`m R vitaminlerinin` sutkalıq mug`darı 20-50 g. Taza u`zilgen miywe quramında V1, V2 vitaminleri folie ha`m nikotin kislotalar, sonday-aq 5% ke shekem qant, Saxarov (glyukoza

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



ha`m fruktoza) ha`m fiziologiyalıq aktif zatlar, kaliy, natriy, temir, kaltsiy elementleri boladi.

O`zbekistan Respublikasi ovosh jetistiriw boyınsha Oraylıq Aziyada joqarı orında turadı. Ma`mleketimizde baw-baqshashılıq awıl xojalıg`ının` ju`da` a`hmiyetli tarawı bolıp esaplanadı, respublikamızdag`ı 3,5 mln gektar suwg`arılatug`ın maydanının` 211 mın` yamasa 6 protsentten artıg`ırag`ın ovosh o`simlikleri iyeleydi.

Ovoshlardı ko`p jetistiriwdin` birden bir tiykarı olardı xalıqımız su`yip ha`m ko`p paydalanatug`ın ha`m salamatlıq ushın za`ru`rli elemenler barlıg`ı bolıp esaplanadı. Bolgar burıshı quramındagı karbon suwları, beloklar, maylar insan organizimi ushın qosımsha azıqlıq orayı bolıp xızmet etedi. Ko`pshilik ovosh o`simliklerinin` toyımlılıq bahası 1 kg 150 – 400 kkal nı quraydı.

Quramında biologiyalıq aktiv zatlar mug`darı ko`pligi sebepli olar ju`da` mazalı ha`m shıpabaxsh qa`siyetke iye. Ha`zirgi da`wirde dene ha`reketi ha`m miynet etiw azayıp baratırg`anlıg`ı sebepli ha`r ku`ngi enegiya sarplanıwı qısqarıwı sebepli ovoshlardın` azıqlıq a`hmiyeti artıp barmaqta.

Bolgar burıshıtın` miyweleri quramında ju`da` az mug`darda konsepsik zatlar boladı, bolgar burıshı ko`pshilik waqıtta awqatka taza u`zilgen halında isletiledi, sonday-aq onnan ha`r qıylı konservalar tayarlanadı. Quramında: 85,56% suw, 1,49% azotlı zatlar, 0,93 % may zatlar, 0,69% ku`l, 1,8% kletchatka ha`m 5,44%.azotsız ekstativ zatlar boladı. Quramındagı vitamin C nın` ko`pligi menen barlıq ovosh o`simliklerinen u`stin turadı, a`sirese biologiyalıq tolıq jetilgen miywelerinde S vitamini ju`da` ko`p mug`darda ushırasadı.

Bolgar burıshı to`rt tu`rdi: puta bolgar burıshı (C.frutescens L.), tu`kli bolgar burıshı (C.Fubescens R.et P), kuchalata`rizli bolgar burıshı (C.pendulum Wild) ha`m bir jıllıq bolgar burıshı (C.annum L.) tu`rlerin o`z ishine alıwshı Capsicum tuwısına kiredi. Bul tu`rlerden birinshi u`shewi jabayı halında tarqalg`an, sonday-aq olardın` Oraylıq ha`m Qubla Amerika ma`mleketlerinde egiletug`ın tu`rleri de bar. Capsicum annum L. Tu`ri Meksika ha`m Gvatemaladan kelip shıqqan bolıp,

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



jetistiriletug`ın ashshı burısh penen ovoshlıq burıshtın` barlıq ha`r qıylı sortların o`z ishine aladı. Bolgar burıshının` eki genje tu`ri: ashshı ha`m ashshı emes tu`rleri bizin` ma`mleketimizde ken` tarqalgan. Bolgar burıshının` tu`bi jayılıp o`sedi, dixotonik ta`rizli shaqalaydı, japıraqları izbe-iz jaylasqan, ma`yek ta`rizli formada boladı. Gu`lleri aq, jeke, juplasıp ha`m da`ste bolıp toplanadı. Miywesi ko`p tuxımlı miywe, ushları jalpaqlasqan ko`riniste, sortına qarap uzınshaq yamasa jalpag`ıraq shar ta`rizli, ren`i qızıl, qabaq ren`li yamasa srı ren`li boladı. Miywesinin` uzınlıgı 3 sm den artıq, sog`an jarasa gu`l keseshesi miyweni orap turmaydı. Bir tu`p o`simlikte 20-30 ha`m onnan da aslamıraq miywe payda boladı, miywelerinin` ortasha salmag`ı 50-100 gramm.

Bolgar burıshının` miywesi miywe eti, tuxım uyaları ha`m tuxımlardan ibarat. Awqatqa tek g`ana miywe eti, yag`niy miywenin` diywalı paydalanıladı. Bolgar burıshının` eti go`shli, jumsaq ha`m suwlı, kletchatkası kem, qant zatları ko`birek boladı. Bolgar burıshının` quramındag`ı kapsaitsin (ashshı da`m beriwshi) zatlar mug`darı 0,01-0,05 protsentti quraydı.

Burısh iytju`zimliler tuxımlasına kirip, O`zbekistanda eki: ashshı ha`m ashshı emes tu`ri ken` tarqalgan. Bolgar burıshı a`dette o`z-o`zinen shan`lanatugın o`simlik bolıp esaplanadı, biraq ayrımlar onı shetten shan`lanıwshı o`simlik dep esaplaydı. Shetten shan`lanıw qa`biliyeti ko`birek ashshı burıshta baqlang`an. Iri miyweli bolgar burısh sortlarında gu`ldegi tumsıqshasının` shan`shılar dem alıp turıwı o`simliktin` o`zinen shan`lanıwına sebepshi boladı. Ayrım jag`daylarda shetten shan`lanıwlar pal ha`rreleri ta`sirinen bolıp o`tedi.

Bolgar burıshı oq tamırlı, tu`binin` to`mengi bo`legi dag`al, joqarg`ı bo`legi to`rt qırlı, u`sti tu`kli ha`m tu`ksiz boladı. Paqalı mort, qattı samalda ha`m teriw waqtında itibar berilmese sınıp ketiwi mu`mkin. Japıraqları jeke tu`rde boladı, ren`leri jasıl, tu`kli ha`m tu`ksiz bolıp keledi. Japıraq baldag`ı uzın, gu`lkese japıraqları kelte ha`m tikensıyaqlı. Gu`linin` u`lkenligi 0,9-3,32 sm, gu`ltajıjapıraqları 5-7 dana bolıp, bir-birine birikken halda o`sedi, aq yamasa sıya ko`k ren`de ushırasadı.

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

Gu`l bu`rtigi sezilip qalg`an waqıttan baslap g`u`l ashılaman degenshe aralıqta 25-35 ku`n o`tedi. Bir tu`p o`simlikte ha`mmesi bolıp 30-50 dana gu`l boladı, solardın` 7-10 danası bir waqıtta ten`dey ashıladı. Bolgar burıshının` gu`llewi ko`gerip shıqqannan baslap 83-96 ku`n o`tkennen keyin baslanadı.

Gu`lleri iri, japıraq qoltıqlarınana shıg`atugın, jeke; japıraq qoltıqları jup-jup bolıp jaylasqan yamasa da`stelerge – yarım sayabanlarg`a toplangan boladı. Gu`l tajı aq, jasıllaw aq, tiykarı sarg`aygan aq, sıyako`k ren`li qalı bar aq yamasa sıya ko`k ren`li boladı. Analıg`ı kelte ha`m ushı jin`ishke, ma`yek ta`rizli. Gu`linde a`dette gu`l tajısı menen qosılıp ketken bes dana shan`shısı boladı. dan parqı bolgar burıshının` shan`shıları erkin turadı. Tumsıqshası sa`l qıyalaw, tu`yinshesi ko`binese u`sh uyalı, biraq uyalarının` sanı ekew de bolıwı mu`mkin.

Iri miyweli bolgar burıshı sortlarının` gu`l tumsıqshası shan`shılarına qaraganda 2-3 ku`n, mayda miyweli sortlarında bolsa 10-12 saat aldın jetilisedi. Iri miyweli bolgar burısh sortlarında gu`l tumsıqshası shan’laniw da`wirinde aqyamasa gu`l tajı ashılg`annan son` ko`bi menen 2-3 saattan keyin jarıladı. Tumsıqshasının` o`miri 5-6 ku`n. Gu`lleri quyash shıqqannan son` 3-4 saat o`tkennen son` ashıladı ha`m eki u`sh ku`n ashılıp turadı. Hawa rayı 17-18 °S ha`m ıg`allıg`ı 50-60% bolg`an sharayatlarda shan`ları jasaw qa`biliyetine 50 ku`nge shekem uzaytıw mu`mkin.

Bolgar burıshları jer betine ko`gerip shıqqannan baslap miyweleri texnikalıq pisip jetiliskenshe aradan 90-120 ku`n, biologiyalıq jetilisiwine shekem ja`ne 50-70 ku`n o`tedi. Miywelerinin` ortasha u`lkenligi 7-10 sm, eni 5-6 sm ge baradı. Miywelerinin` ju`zi tegis, tolqın ta`rizli ha`m iri tolqın ta`rizli boladı, miywe etinin` qalın`lıg`ı 0,1-0,75 sm boladı. Miywesinin` ren`i texnikalıq pisip jetilisken waqıtta jasıl, toq jasıl, keyin tuxımı pisip jetiliskennen son` qızıl, toq qızıl, qon`ır, sarı ren`ge aylanadı..

Tuxımlarının` jetilisiwi miywelerinin` biologiyalıq pisiwi menen bir waqıttqa tuwrı keledi. Bolgar burıshı miyweleri sortlarına qarap 0,6-1,4% tuxım beredi. Bir dana bolgar burıshı miywesinde 130-250 dana tuxım boladı. 1000 dana

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

tuxım awırlıg`ı 4-7,5 gramm salmaqta boladı. Bir grammda 150-250 dana tuxım boladı. Tuxımlar jeterli da`rejede ko`geriwshen`ligin 2-3 jıl dawamında saqlap turadı.

Bolgar burıshı tuxımları sortsapasına qaray u`sh tipke bo`linedi. Birinshi tipinin` sort tazalıg`ı 99, ekinshi tiptegi sort tazalıgı 97 ha`m u`shinshi tiptegi sort tazalıq 96 protsentti quraydı. Aralasıp qalg`an sortlar ha`m ulıwma aralaspalar arasına tosınnan tu`sip qalg`an qospaqlardın` jol qoyılatugın en` ko`p mug`darı u`shinshi tiptegi tuxımlarda ko`bi menen 1% ti qurawına ruxsat etilgen.

Bolgar burıshının` egislikke jaramlılıg`ı ta`repinen eki klassqa bo`linedi. Birinshi klass tuxımlarının` ko`geriwshen`ligi keminde 80 protsentti, tazalıgı keminde 95 protsentti, olarg`a aralasıp qalgan baska o`simlikler tuxımlarının` mug`darı ko`bi menen 0,2 protsentte bolıwı kerek. Ekinshi klass tuxımlarında ko`geriwshen`ligi keminde 60 protsentti, tazalıgı keminde 95 protsentti, olarg`a aralasıp qalgan baska o`simlikler tuxımlarının` mug`darı ko`bi menen 0,5 protsentte bolıwı kerek.

Tropikalıq zonalarda bolgar burıshıları ko`p jıllıq turaqlı (o`zgerissiz) ha`m subtropikalıq zonalarda bir jıllıq o`simlik. Olar ju`da` ıssılıqtı su`yiwshi o`simlik bolıp, vegetatsiyalıq da`wiri ko`gerip shıqqannan baslap, jetilemen degenshe 120-160 ku`n. Ku`ndizgi temperatura 25 gradus ha`m tu`ngisi 15-18 gradus bo`lg`anda o`simlik jaqsı o`sip rawajlanadı. Temperatura 11-13 gradus bo`lg`anda o`simlik o`siwinen toqtaydı ha`m – 0,5 – 1 gradus suwıqta nabıt boladı. Grebovskiy bawbaqshashılıq seleksiyası stansiyasında ayrım bolgar burıshı sortları 8 gradus temperaturada o`se baslap, qısqa mu`ddetli -2-3 gradus temperaturag`a shidaydı, al 30 gradustan joqarı temperaturada ha`m hawa ja`ne topıraq ıg`allıg`ı jetispegen o`simliklerdin` rawajlanıwına keri ta`sirin tiygizedi. Bunın` aqıbetinde ko`pshilik gu`lleri to`gilip ketedi. Tuxımları ju`da` - ju`da` a`sten yag`nıy egilgennen 8-12 ku`n keyin ko`gerip shıgadı. Bolgar burıshı jaqtılıqtı ju`da` su`yiwshi o`simlik bolıp esaplanadı. Eger jaqtılıq jetispese miywe tu`yiwine ha`m o`nimdarlıgına keskin ta`sirin tiygizip, zu`ra`a`tligi to`menlep ketedi.

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

## 1.2. Bolgar burıshının’ agrotexnikası ha’m ha’r qıylı o’nimledi tayarlaw tehnologiyasi

*Bolgar burıshın jetistiriw agrotexnikası.* Bolgar burıshın jetistiriw agrotexkiasi ko`pshilik ta`repten baklajan jetistiriw agrotexnikasına uqsaydı. Almaslap egilgende a`dette olar tamır miyweliler, piyaz, palız eginleri yamasa kapustadan keyin pomidor menen bir atızg`a jaylastırıladı. Ko`p jıllar dawamında bir jerge egilse, yamasa almaslap egilgende solıw keselligine ushıraydı.

Bolgar burıshları o`nimdarlı jerlerge talapshan`, bul o`simlikten mol zu`ra`a`t alıw ushın topıraqqa organikalıq ha`m mineral to`ginler salıp turg`an maqul. O`zbekistanda gu`zgi shu`digarlaw waqtında ha`r gektar maydang`a organikalıq ha`m mineral to`ginler berip turg`an maqsetke muwapıq boladı.

Ha`r gektar maydang`a 20-30sm shirigen go`n`, 3-4 s superfosfat, vegetatsiyalıq da`wirinde bolsa gektarına 80 – 100 kg esabınan ammiyaklı selitra menen eginlerdi 1-2 ret aziqlantiriw usinis etiledi.

Bolgar burıshlar a`dette parniklerde o`stirilgen na`llerden jetistiriledi. Tuxımları fevral ayının` ortalarında mart ayının` baslarında parnikke sebiledi. Bolgar burıshının` keshpiser sortalrı keshirek yag`nıy mart ayının` ekinshi dekadalarında yamasa mart ayının` u`shinshi dekadalarında parniklerge egiledi.

Bolgar burıshınan bir qansha joqarı ha`m erterek zu`ra`a`t alıw ushın olardın` na`lleri 5-6 sm bolatug`ın diametrli shirinde tu`beklerde jetistiriledi

Maysaları 5-6 dana japıraq shıg`arg`anda - aprel ayının` basları (qubla rayonlarda) yamasa ekinshi yarımında na`lleri ashıq maydanlarg`a otırg`ızıladı.

Bolgar burıshı n`a`llerinin` qatar araları 60-70 sm ha`m o`simlik tu`pleri araları 20-30 sm etip qatarlap yamasa 70x70 sm sxemasında kvadrat boylap egiledi ha`m eki danadan na`l qaldırıladı.

Bolgar burıshı ıg`allıqqa ju`da` talapshan`, a`sirese gu`llep miywe beriw aldınan ju`da` ko`p mug`darda ıg`allıqtı talap etedi. Bul o`simlik ushın topıraq ıg`allıg`ı hawa ıgallıgına salıstırganda 80% bolıwı kerek. Topıraqta ıg`allıq

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

jetispese tu`yneksheleri to`gilip ketedi ha`m bul protsesstin` bolıwı o`nimdarlıg`ına ha`m miywelerdin` tovarlıq sapasına keskin keri ta`sirin tiygizedi. Jer astı izey suwları alıs jaylasqan boz topıraqlarda bolgar burıshının` o`nimdarlıg`ı ju`da` joqarı boladı. Sonlıqtan bolgar burıshının` vegetatsiyalıq da`wirinde 15-16 ma`rtebe suwg`arıladı. Miyweleri jetilisken waqıtta yamasa jalpı o`nimdi terip alıw waqtında olardı a`sirese tez-tez suwgarıp turıw kerek. Na`lleri ashıq maydanga otırg`ızılg`an waqıttan o`zin alıp ketemen degenshe da`wirde qatar araları bir ma`rte jumsartılıp, suwg`arılıp turıladı. Biraz mu`ddetten son` qatar araları jabayı sho`plerden tazalanıp, son` eki-u`sh ku`nnen aralatıp suwg`arıladı.

Bolgar burıshı a`dette miywelerin tu`ygenne son` 35-45 ku`n o`tkennen son` texnikalıq ta`repten jetilisedi, miyweleri normal irilikte ha`m ashıq jasıl ren`de bolıwı olardın` texnikalıq pisiwinen derek beredi. Bul da`wirde jag`ımlı iyis ha`m o`zine ta`n mazalı da`mge iye boladı. Awqatqa tolıq pisken (qıp qızıl) miyweleri de salınadı. Biraq bul da`wirde bolgar burıshının` mazası ashshılaw ha`m miywe qabıg`ı qalın`lasıp qaladı. Bolgar burıshının` miywelerin texnikalıq pisiw da`wirinen baslap ha`r 4-5 ku`nde terip alınadı. Texnikalıq jetilisken miywelerin tez-tez terilip turılsa tu`yinsheleri kem to`gilip, zu`ra`a`tligi joqarılaydı.

Bolgar burıshı miyweleri baldagı menen u`zip alınadı. Bolgar burısh miywelerin uzaq mu`ddet saqlawg`a shıdamaytug`ınlıg`ın esapqa alıp, olar u`zilgennen son` tezde tarqatıladı.

Tashkent ma`mleketlik agrar universiteti alımlarının` ta`jiriybe juwmaqlarına qarag`anda bolgar burıshın polietilen ıdıslarga salıp holodilniklerde (2-5 grdusta) 15 – 20 ku`n ha`m onnan da ko`birek wakıtqa shekem saqlanıwın anıqlagan.

Bolgar burıshı jazg`ı hawa rayının` ıssı waqıtlarında saqlanganda 15-20 ku`ninen baslap tovarlıq sapası ha`m azıqlıq bahası pu`tku`lley jog`aladı. Bunın` na`tiyjesinde miywe quramındagı S vitamini ıdırap ketedi.

Holodilniklerde paydalı to`men da`rejeli temperaturada saqlang`anda bolgar burıshı miywesinin` quramındag`ı vitamin S ja`da` a`stelik penen ıdıraydı ha`m

olardı 60-70 ku`nge shekem, ayrım jag`daylarda o`nimdi durıs jaylastırsaq onnanda ko`birek waqıtqa sozıp saqlanıwı mu`mkin. Saqlanıw sharayatı bolgar burıshı quramındagı vitamin C mug`darına ta`sirin Tashkent ma`mleketlik agrar universiteti «Baw-baqshashılıq» kafedrası izleniwshilerinin` mag`lumatlarınan da biliwge boladı. Sonın` ushın bolgar burıshın terip algannan keyin 2-3 ku`nnen keshiktirmesten paydalanıwshılarg`a jetkeriw yamasa holodilnkilerge to`men temperaturalarda (2-3) saqlaw ushın jaylastırıw kerek..

Bolgar burıshın awzı baylanbag`an polietilen qaltashalarda saqlaw usılları da jaqsı na`tiyje beredi.

*Pomidor sogına basılg`an bolgar burıshı do`lmasin tayarlaw.* Bunday konserva insan organizimin toq tutatugın, ha`m ju`da` mazalı xoshiyisli tag`amlardan bolıp esaplanadı. Dolmanın` qıymasına tek g`ana ovosh o`simlikleri salınıwı yamasa ovoshlarg`a gu`rish salınıwı mu`mkin. Eki usılda da awqat ju`da` mazalı da`m beredi. Bolgar burıshınan konserva tayarlaw ushın to`mendegi o`nimlerden paydalanıladı: bolgar burıshı 25% ovoshlar aralaspasınan yamasa ovoshlarga gu`rish aralastırıp tayarlang`an qıyma – 45%. Pomidor sogi – 30%, 500 gr o`nimler sıyatug`ın 1 bankag`a 125 gr bolgar burıshı, 225 gr qiyma, 150 gr pomidor sogi salınadı. Quwırılg`an ovoshlar sırlang`an ıdısqa salınıp aralastırıladı ha`m dolma ushın paydalanıladı. Ovoshlar aralaspasına gu`rish ha`m ku`ydirilgen o`simlik mayı salınıp aralastırıladı. qiyma menen bir waqıtta pomidor qiyması da tayarlanadı, 0,5-1 10 dana  banka konservag`a 1750 g pomidor sogi kerek boladi. Onın` quramı to`mendegishe pomidor kashası 1406 gr, sheker 95 gr maydalap tu`yilgen ashshı ha`m qara burısh – 0,3 gr, tu`yilgen xoshiyisli burısh – 0,5 gr, as tuzı 50gr. Tayarlanıp qoyılg`an bankag`a da`slep 80 C ge shekem qaynatılg`an pomidor pastaı azdan quyıladı, keyin ballajan dolma toltırıladı, u`stine pasta quyıladı. Usınday usılda toltırılg`an bankalar taza tunuka qapqaqlar menen jen`il bastırıladı, 60-70 C qa shekem ısıtılg`an ısıdlarda ha`m 100 C da belgili wakıtqa shekem qızdırıladı. Eger dolmag`a ovoshlar qiyması isletilgen bolsa 0,35 l bankalar – 40 minutqa shekem, 0,5 l bankalar 50 minut, 1,0 l bankalar 30 minut

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

qızdırıladı. Dolmag`a gu`rishli qiyma isletilgen bolsa 0,35 l bankalar 50 minutqa, 0,5 l bankalar 70 minutqa, 1,0 l bankalar 120 minutqa qızdırılıwı sha`rt. Idıstag`ı suw qattı qaynamaw ushın tez-tez baqlap turıw kerek boladı. Belgilengen waqıt o`tkennen son`, bankalar suwdan alınadı ha`m qapqaqqlar bekem etip jawıladı, bankalar to`n`kerilip qoyıladı.

*Pomidor pastaına basılgan qiymalı, tuwralg`an bolgar burıshı konservasın tayarlaw.* 0,5-l litrli banka konservag`a ketetugın o`nimlardin` mug`darı: bolgar burıshı - 2150 gr , geshir – 3300 gr mayda as duzı – 30gr, o`simlik mayı – 350 gr, pomidor kashası – 1650 gr yamasa qızıl pomodor – 2500gr, tu`yilgen ashshı qara burısh – 0,2gr, tu`yilgen xoshiyisli bolarg burıshı – 0,3gr. Konserva ushın solımag`an jan`a u`zilgen ashıq jasıl ren`li yamasa qızıl bolgar burıshı tan`lap tayarlanadı, olar juwıp ishleri tazalanadı, miywe baldaqları tuxımları menen birgelikte u`zip, tazalanadı, son` tayarlang`an bolgar burıshları qaynag`an suwda yamasa qaynap turg`an suwdın puwına tutıp parlanadı. Keyin olar uzınıraq etip tuwraladı, geshir de tap sol taqlette jin`ishke etip tuwraladı. piyaz qırshıladı, jaqsılap juwıladı, 10 mm jin`ishkelikte tuwraladı, sheker, duz ha`m ha`r qıylı da`m beriwshi ziralar salınadı. 0,5 bankag`a 500 gr tayar o`nim sıyadı. Bunın` 30% (150gr) - bolgar burıshı, 35% (175gr)- ovoshlar qiyması 35% (175gr)-pomidor pastaı bolıwı lazım. Ovoshlardan qiyma tayarlaw. 0,5 l li 10 bankag`a 1750 gr qiyma sarıplanadı, onın` 1365 gr ın quwırılg`an geshir, 140 gr ın quwırılg`an tamırlar, 190 gr ın quwırılg`an piyaz, 20 gr ın mayda duz quraydı. Quwırılg`an geshiri, aq tamır, piyaz ha`m tuz salınıp, jaqsılap aralastırılıp son` og`an parlanbag`an bolgar burıshı qosıladı. Bulardın` ha`mmesi aralastırılıp pa`s otta 65-70 gradus a`tirapında jag`ıladı. Ovosh qiyması menen bir waqıtta pomidor pastası da tayarlanadı. 0,5 l litrli 10 bankag`a 1750 gr pomidor pastası jumsaladı. Pastanın` quram bo`lekleri: pomidor kashası 1610gr, sheker 30 gr, duz-50 gr, tu`yilgen ashshı qara burısh – 0,2gr, tu`yilgen xoshiyisli burısh – 0,3gr. Tayarlang`an pomidor pastasın bankalarg`a 80-85 C g`a shekem ısıtıp qoyıw kerek. Bankag`a da`slep qaynag`an pastadan az-azdan salınadı. Keyin ısıtılg`an ovoshlar salınadı,

onın` u`stine ja`ne pomidor pastası salınadı, bankalar qapqalar menen jen`il basılıp qoyıladı, son` ıssı suwlı ıdısqa salıp 100 c suwda bir tegis belgilengen waqıt qızdırıladı. Bunda 0,5 l litr bankalar – 50 minut, 1,0 litr bankalar – 80 minut qızdırılıwı sha`rt. Sol waqıt o`tkennen son` bankalar suwdan alınadı, qapqaqları bekkem bekitiledi ha`m tayar bolg`pan bankalar to`n`kerilip qoyılg`an ha`lda suwıtıladı.

*Uksulang`an bolgar burıshı konsrvasın tayarlaw.* Bunın` ushın qıp qızıl,selitra salınbag`an jan`a u`zilgen bolgar burıshları tan`lap alınadı. Tan`lang`an bolgar burıshları jaqsılap juwıladı, ku`ydirilgen mayg`a 30-40 sekund salıp qoyıladı. Keyin maydan alınıp suwıq suwda suwıtıladı. Darhal bolgar burıshlarının` qabıg`ı sılınıp alıp taslanadı. Bolgar burıshlarının` qabıg`ı sılınıp alınbastan da konservalansa boladı, buday jag`dayda olar qaynap turg`an suwda yamasa mantı qazanda parlanıwı kerek. Tayarlap qoyılg`an bankalarg`a ziralar salınıp, ma`selen 0,5-1 litrli bankag`a sındırıp alıng`an bir bo`lke ukrop, 2-3 dana qara burısh (ezilmegen), 3-4 dana mazalı da`m beriwshi burısh, yarım yamasa 1 dana lavr japırag`ı salınadı. Bul ziralardı uksuslı suwg`a salıp qaynatsa da boladı. 0,5-1 litr bankag`a 350 gr qızıl bolgar burıshı ha`m 150 gr uksuslı suw salınadı. Sırlang`an ıdısqa 1500 llitr suw quyıladı, 60 gr duz ha`m 60 gr sheker salınadı ha`m ıdıs otqa qoyıladı. 10-15 minut qaynatıladı, qaynap turg`an waqtında su`ziledi ha`m og`an 30 % litr uksus kislotasınan 30 gr qosıladı.

*Pomidor pastasına basılgan bolgar burıshı kontsedrvasın tayarlaw.* 0,5-1 litr 10 bankag`a konserva tayarlaw ushın: bolgar burıshı - 5700 gr , paydalı jasıl otlar – 30 gr, maydalang`an sa duzı – 70gr, o`simlik mayı – 350 gr, pomidor pastası – 1150 gr yamasa qızıl pomodor – 1750gr , tu`yilgen ashshı qara burısh – 0,6gr, tu`yilgen xoshiyisli burısh – 0,3gr. Tayarlang`an o`nimler bankag`a to`mendegishe qatnasta salınıw usınıs etiledi: parlang`an bolgar burıshı 75% (375gr) pomidor pastası 25 % (125gr).

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

## 1.3. Selektsiyası jetiskenlikleri ha`m O`zbekistanda rayonlastırılg`an qospaq ha`m sortları

O`zbekistanda bolgar burıshı selektsiyası burıng`ı O`zbekistan baw-baqshashılıq, kartoshka ta`jiriybe stantsiyasında urıstan aldıng`ı jıllarda A.G.Nikulina ta`repinene baslang`an edi. Tashkent jaqınıdagı bolagr diyxanları ta`repinene egilip kelinip atırgan u`lgiden Bolgarskiy 84 atamasındagı bolgar burıshı sortın selektsiya jolı menen jetistirgen. Bul sortlar respublikada 1950 jıllardan baslap rayonlastırılgan.

Bolgar burıshı selektsiyasına tiyisli selektsiyalıq jumıslar O`zbekistan ovosh, palız ha`m kartoshkashılıq ilimiy izertlew institutında 2000-jıllarda E.V.Ermolova bir neshe ese tezlestirdi. Kolokolchik sortı menen Moldava 118 sortın shag`ılıstırıw jolı menen usı alım ta`repinen alıngan Maratos F1 de degen sort 1980 jılı rayonlastırıldı. 1982 jılda bolsa koliforniya u`lgisinene jeke tan`law jolı menen jaralgan Denver F1 sortı, 1994 jılda 9 a liniyası Moldavsiky sortı menen shagılıstırılıp alıng`an Orion F1de atamasındag`ı aq sort rayonlastırıldı. Sonday aq Qarqalpaqstan sharayatına biyimlesken Djemini $F_1$ (2008, Niderlandiya), Jayxun $F_1$ (2011, O`zbekistan), Texas $F_1$ (2013, Niderlandiya) qospaqları rayonlastırılg`an.

O`zbekistan O`simlikshilik ilimiy izertlew institutında yarım ashshı burıshlar kollektsiya u`lgisinen tan`law jolı menen Pikantnıy sortı 1993 jılda rayonlastırılgan. Volgogradskiy 84 sortın aytpag`anda joqarıda keltirilgen sortlardın` barlıg`ı ha`zirde rayonlastırılıp kelmekte.

Barlıq burısh formaları selektsiyanın` ulıwmalıq bag`darları boyınsha kesellikler, zıyankesler ha`m qolaysız ortalıq sharayatları jag`daylarına shıdamlı bolg`an joqarı o`nimdarlı sortların jaratıwdan ibarat.

Bolgar burıshı selektsiyasının` bag`darı bul o`simlik qanday maqsette paydalanıwına baylanıslı. Duzlap, taza u`zilgen halında paydalanıw ushın qabıg`ı jumsaq, biraq eti qalın`, suwlı miyweler payda etetug`ın, miywelerinin` quramında

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



qant mug`darı ko`p, vitaminler ha`m qurg`aq zatları ko`p bolg`an, o`zine ta`n mazalı iyis taratıp turıwshı sortlardı jaratıwg`a itibar beriledi.

Bolgar burıshın shag`ılıstırıwda da qollanılatug`ın usıllardan paydalanıladı. Gu`llerin pishiw jumısları rawajlang`an gumsha fazasında, shan`landırıw jumısları bolsa gu`l pishilgen ku`nnin` o`zinde ashılıp turg`an atalıq o`simlik gu`linin` shan`ın shan`landırıw jolı menen o`tkeriledi. Shan`landırılg`an gu`ller paxta menen orap qoyıladı (izolyatsiyalanadı). Gu`l ashılıwına bir ku`n qalg`anda ha`m gu`l ashılg`annan keyin shan`ları bir ku`n jasaw qa`biliyetine iye boladı, eger eki – u`sh ku`n o`tip ketse shan`ları kewip shan`landırıw qa`biliyetin jog`altadı. Payda bolatugın qospaqlar sanın ko`beytiw ushın erkeklik sterillik genine iye formalarınana paydalang`an maqsetke muwapıq boladı.

Qospaqlastırıwda to`mendegishe belgiler u`stinlik (dominant) qılatug`ın boladı: gu`linin` sıya ko`k ren`i aq ren`i u`stinen, miywesinin` jasıl ren`i aq u`stinen, qızıl ren`i sarı ha`m qon`ır ren`i u`stinene, ashshı mazası, ashshı emes mazası u`stinen, miywelerinin` sanının` ko`p bolıwı, sanının` az bolıw u`stinen, tezpiserligi keshpiseriligi u`stinen, paqalının` biyikligi paqalının` keltesi u`stinen dominant boladı. Paqalının` forması, japıraqları ha`m miywelerinin` u`lken – kishiligi, miywelerinin` ko`rinisi aralıq ta`rizde na`silden-na`silge o`tip baradı.

***Denver $F_1$*** Franciyanın’ «CLAUSE TEZIER» firmasının’ qospag’ı 2006-jıldan baslap rayonlastırılg’an.

Paqalı jıynalg`an, ortasha uzınlıqta biyiikligi 70-75 sm, shtamblı. Japıraqları kop, japıraqlarının` ren`i jaslı. Miywesinin` forması konus ta`rizli Miyweleri ortasha irilikte. Miyweleri ren`i texnikalıq pisiw da`wirinde jasıl, biolgiyalıq pisiw da`wirinde qızıl bolıp, miywesinin` ju`zi (beti) tegis, ayrım jerleri sigmentlesken. Miywe eti suwlı, qalın`lıg`ı 5 mm, 3-4 tuxım uyaları sanına iye. Miywelerinin`

ABBYY PDF Transformer 2.0
Click here to buy
www.ABBYY.com



ABBYY PDF Transformer 2.0
Click here to buy
www.ABBYY.com

ortasha awırlıg`ı 90 gr., ko'lemi 9,5x11 sm. Miywesinin` da`mi 5 ball. Miywedegi qurg`aq zat mug`darı 6,0% ti quraydı. Miywesinin' quramında vitami S 80,6 mg %, nitratlar 180 mg, kg., qant mug'darı 2,9%. Vegetatsiyalıq da`wiri yag'nıy miywenin' biologiyalıq pisiwine shekem 90-95 ku`ndi talap etedi. Ayrım belgileri: erte piser, mazası jaqsı, tovarlıq ko'rinisi ju'da' jaqsı, eti juqa, ashıq ha'm jabıq maydanlarda jetistiriwge mo'lsherlengen. Transportta tasıwg'a qolaylı.

Zu`ra`a`tliligi 2003-jıllarda Chinaz sort sınaw shaxabshasında 26,5 tonna gektarına, bergen.

***Maratos F₁*** Gollandiyanın' «ENZA-ZADEN» firmasının' qospag'ı 2006-jıldan baslap rayonlastırılg'an.



2006-jıldan baslap respublikanın` barlıq aymaqları ushın ma`mleketlik reestrge kiritilgen.

Bul qospaq ju'da' bekkem ha'm ashıq tipte o'siwshi.Paqalı shtamblı, paqalının` biyikligi ortasha 75-80 sm, japırag`ı ko'n ha'm ashıq jasıl ren`li, ortasha qalın`lıqta, miywesinin` forması kubik ta'rizli, biraz pigmentlesken. Texnik piskende a'jayıp qızıl.

Zu`ra`a`tligi 2003 – 2005-jıllarda Chinaz sort sınaw shaxabshasında gektarına 30,4 tonnanı qurag`an, Tashkent sort sınaw shaxabshasında gektarına 28 tonna o`nim bergen.

Miywesinin` ortasha awırlıg`ı 95 gr. Degustatsion mazası 4,9 ball. Miywedegi qurg`aq zat mug`darı 5,8 % ti quraydı. Miywesinin' quramında vitami S 88,0 mg %, nitratlar 200 mg, kg., qant mug'darı 5,8%.

ABBYY PDF Transformer 2.0
Click here to buy
www.ABBYY.com



ABBYY PDF Transformer 2.0
Click here to buy
www.ABBYY.com

Vegetatsiyalıq da`wiri yag'nıy miywenin' biologiyalıq pisiwine shekem 95 ku`ndi talap etedi. Ayrım belgileri: erte piser, mazası jaqsı, tovarlıq ko'rinisi ju'da' jaqsı, eti juqa, ashıq ha'm jabıq maydanlarda jetistiriwge mo'lsherlengen. Temeki mazaykası keselligine shıdamlı.

***Orion F₁*** Gollandiyanın' «ENZA-ZADEN» firmasının' qospag'ı 2006-jıldan baslap rayonlastırılg'an.



2006-jıldan baslap respublikanın` barlıq aymaqları ushın ma`mleketlik reestrge kiritilgen.

Bul qospaq ju'da' bekkem ha'm ashıq tipte o'siwshi. Paqalı shtamblı, paqalının` biyikligi ortasha 70-75 sm, japırag`ı ko'n ha'm ashıq jasıl ren`li, ortasha qalın`lıqta, miywesinin` forması kubik ta'rizli, qalın' etli, biraz pigmentlesken. Texnik piskende jasıl.

Zu`ra`a`tligi 2003 – 2005-jıllarda Chinaz sort sınaw shaxabshasında gektarına 30,4 tonnanı qurag`an, Tashkent sort sınaw shaxabshasında gektarına 28 tonna o`nim bergen.

Miywesinin` ortasha awırlıg`ı 100 gr., ko'lemi 4x5 sm, mazası Degustatsion mazası 4,5 ball. Miywedegi qurg`aq zat mug`darı 5,9 % ti quraydı. Miywesinin' quramında vitami S 126,3 mg, %, nitratlar 231 mg, kg, qant mug'darı 2,5%.

Vegetatsiyalıq da`wiri yag'nıy miywesinin' biologiyalıq pisiwine shekem 95 ku`ndi talap etedi. Ayrım belgileri: kesh piser, mazası jaqsı, tovarlıq ko'rinisi jaqsı,

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

eti juqa, jasıl texnik pisiwde jıynap alınadı, ashıq ha'm jabıq maydanlarda jetistiriwge mo'lsherlengen. Transport penen tasıwg'a qolaylı.

***Fiesta F₁*** Gollandiyanın' «ENZA-ZADEN» firmasının' qospag'ı 2006-jıldan baslap rayonlastırılg'an.



2006-jıldan baslap respublikanın` barlıq aymaqları ushın ma`mleketlik reestrge kiritilgen.

Bul qospaq ju'da' bekkem ha'm ashıq tipte o'siwshi. Paqalı shtamblı, paqalının` biyikligi ortasha 70-75 sm, japırag`ı ko'n ha'm ashıq jasıl ren`li, ortasha qalın`lıqta, miywesinin` forması kubik ta'rizli, qalın' etli, biraz pigmentlesken. Texnik piskende a'jayıp sarı ren'de boladı.

Zu`ra`a`tligi 2003 – 2005-jıllarda Chinaz sort sınaw shaxabshasında gektarına 26,5 tonnanı qurag`an, Tashkent sort sınaw shaxabshasında gektarına 31,1 tonna o`nim bergen.

Miywesinin` ortasha awırlıg`ı 98 gr., ko'lemi 3x4 sm, mazası Degustatsion mazası 4,9 ball. Miywedegi qurg`aq zat mug`darı 6,5 % ti quraydı. Miywesinin' quramında vitami S 92,0 mg, %, nitratlar 232 mg, kg, qant mug'darı 2,6%.

Vegetatsiyalıq da`wiri yag'nıy miywesinin' biologiyalıq pisiwine shekem 95 ku`ndi talap etedi. Ayrım belgileri: erte piser, mazası jaqsı, tovarlıq ko'rinisi jaqsı, eti juqa, jasıl texnik pisiwde jıynap alınadı, ashıq ha'm jabıq maydanlarda

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

jetistiriwge mo'lsherlengen. Transport penen tasıwg'a waqtında o'zinin' ko'rinisin saqlaydı.

***Orion F1de.*** O`zbekistan baw-baqshashılıq, palız eginleri ha`m kartoshkashılıq ilim izertlew institutında jaratılgan .

2002-yildan respublikanın` barlıq aymaqları ushın ma`mleketlik reestrge kiritilgen.

Erte piser sort. Paqalı shtamblı, uzınlıg`ı 45-50 sm, japıraqları ortasha qalın`lıqta, ren`i jasıl.

Miywesinin` forması konuss ta`rizli, ortasha qalın`lıqta, miywesi texnikalıq piskende ren`i ashıq sarı, al biologiyalıq pisken da`wirde toq limon ren`ge o`zgeredi. Miywelerinin` beti tegis, sıypaq, ayrım jerleri oyılg`an bolıp keledi. Miywe uzınlıgı ortasha 5,3 sm di, al eni 4,4 sm quraydı.

Mazası ortasha, miywedegi tuxımlar sanı ortasha. Zu`ra`a`tliligi 2001-2004-jillarda Buhara sort sınaw stantsiyasında 16,4 tonna/gektarına, Tashkent sort sınaw shaxabshasında ortasha 17,6 tonna/gektarına o`nimdarlıqtı qurag`an.

Miywe awırlıg`ı texnikalıq piskende 55-60 gramm, al biologiyalıq jetilgende 75-90 gr, mazası 4,7 ball, vitamin C 48,2 mg/% , nitratlar 81,3 mg/kg, qurg`aq zat mug`darı 6,8% , qant mug`darı 1,8%.

Vegetatsiyalıq da`wirinde miywenin` pisip jetilisiwi 110-120-ku`n. Zu`ra`a`tligi 50-60 tonna gektarına.

*Ayrım belgileri:* joqarı o`nimdarlı sort, taza u`zilgen halında ha`m qayta islewge mo`lsherlengen, keselliklerge shıdamlı, transportta tasıwg`a qolaylı sort.

# II BAP. TA`JRIYBE QOYILATUG`IN AYMAQTIN` TOPIRAQ IQLIM JAG`DAYLARI HA`M TA`JRIYBE METODIKASI

## 2.1. Qaraqalpaqstannın` topıraq-klimat sharayatları

Qaraqalpaqstan Respublikası o`zinin` geografiyalıq jag`dayı boyınsha O`zbekistannın` arqa bo`liminde jaylasqan. Respublika territoriyasının` ko`pshilik bo`limi (85%) U`styurt ba`lentligi ha`m qızıl qum saxrasınan turadı, sonnan tek 14% ti egislikke jaramlı jer maydanları bolıp, olardı tiykarınan, A`miwda`ryanın` alabı desekte boladı. Ulıwma jer maydanı 16 mln. 709 mın` gektar, sonnan 5 mln. 727 mın` gektar.

Qaraqalpaqstannın` klimatı qurg`aq, qısı suwıq, jazı ıssı boladı, jıl ha`m sutka dawamında temperatura keskin o`zgerip turadı. Klimatının` kontinentallıg`ı qubladan arqag`a qaray kisheye baslaydı.

Qaraqalpaqstan territoriyası sho`l zonasının` ortasha poyasında jaylasqan. Jer relefi derlik tegis, ta`biy tosqınlıqlar joq. O`zinin` geografiyalıq jag`dayı ha`m suwıq hawa massasın irketug`ın tosqınlıqlardın` joqlıg`ı sebepli qısı suwıq, al jazda eginlerdin` normal o`sip jetiliwi ushın za`ru`r bolg`an paydalı temperatura ju`da` az mug`darda bolıwı, olarda vegetatsiya da`wiri dım qısqa mu`ddetlerde o`tetug`ınlıg`ı menen xarakterlenedi.

A`miwda`ryanın` to`mengi jag`ına ta`n qısqı temperatura (yanvarda ortasha –4 –6$^0$C, en` to`men absolyut temperaturası -29 -34$^0$C) qıstın` salıstırmalı tu`rde en` ko`p sozılıp ketiwi (2-3,5 ay), jazdın` ıssı bolıwı menen xarakterlenedi (iyulde ortasha temperatura +25 +26$^0$C, en` joqarı temperaturası +41 +46$^0$C).

Suwıqtın` dawam etiw da`wiri To`rtkulde - 81 ku`n, No`kiste - 97 ku`n, Qon`ıratta - 100 ku`n. Jer qatlamının` ton`law qalın`lıg`ı qublada 28-40, arqada - 29-63 sm.

Ba`ha`rde hawa rayı turaqsız boladı. Marttın` baslarında temperatura tez joqarılaydı, qublada 14-20$^0$C, arqada 5$^0$C dan joqarı ko`teriledi.

Respublikamızdın` tu`slik rayonlarında ıssılıq resursı ortasha 4361$^0$C, arqa rayonlarında 3839$^0$C, al ten`iz jag`ası zonasında bolsa 3774$^0$C.

O`simliklerge usı ıssılıqtın` paydalı ulıwma jıyındısı u`lken rol tutadı. Ko`p jıllıq mag`lıwmatlarg`a qarag`anda A`miwda`ryanın` to`mengi rayonlarında ıssılıq

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



$10^0$C dan joqarı bolatug`ın waqıt 180-190 ku`ndi quraydı, al qubla rayonlarında bolsa 191-215 ku`n.

Qaraqalpaqstan territoriyası ekstraarid zonasına kirip, bir jıllıq jawın-shashın mug`darı ortasha 80-110 mm di quraydı. Jawın-shashın negizinen egis waqtında, jıyın-terim mapazında ha`m qıs ku`nleri ko`birek boladı. Jawın-shashın mug`darının` az bolıwı ha`m hawa-rayının` ıssı bolıwı sebebinen ko`p qurg`aqshılıq vegetatsiya da`wirinde awıl-xojalıq eginlderin suwg`armay o`siriw mu`mkin emes.

Arqa rayonlarda bultsız ashıq ku`nler jıl mezgilinin` arqa rayonlarda 60-74% tin qurasa, qubla rayonlarda 80% ke jetedi. Bultsız ku`nler sanı To`rtkulde- 167, arqa rayonlarda 135 ku`n do`gereginde boladı. Hawanın` jıllıq absolyut ıg`allıq mug`darı Qaraqalpaqstanda joqarı, ol 8,0 den 10 m aralıg`ında boladı, jıldın` jıllı ma`wsiminde 12-17 m shekem jetedi, qısta ol 4,6 m ga shekem to`menleydi. Hawanın` salıstırmalı ıg`allıg`ı jazda to`men, qısta joqarı boladı (keste 2.1.1).

Keste 2.1.1

*Qaraqalpaqstan sharayatında hawanın` salıstırmalı ıg`allıg`ı ha`m temperaturası*

| Aylar | Ko`rsetkishler | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | Hawa temperaturası, $C^0$ | Ortasha dekadalıq, $t^0$ | Hawanın` salıstırma ıg`allıg`ı, % | Ortasha dekadalıq, $t^0$ | Jawın - shashın mug`darı, % | Ortasha dekadalıq, % |
| Aprel | 15,6 | 15,6 | 46 | 46 | 7,8 | 0,78 |
| May | 23,1 | 23,1 | 43 | 43 | - | - |
| iyun | 26,7 | 26,7 | 44 | 44 | 0,28 | 0,28 |




*1-su`wret. Qaraqalpag`ıstan aymaqlarında hawa temperaturası, $C^0$*

A`miwda`rya regionı klimatının` ja`ne bir o`zgesheligi samalı qurg`aq, dawılı ha`m ıssılıqtın` o`zgermeli keliwi, a`sirese, egis da`wirinde, qurg`aq klimat parlanıw protsessin kusheytedi. Sonlıqtan ıssılıqtı ha`m jer astı suwlarının` ta`siri menen suwg`arıw arqalı g`ana pa`seytiwge erisiw mu`mkin.

Respublika topıraq-klimat sharayatları O`zbekistan Respublikasının` basqa walayatlarına qarag`anda topıraq shorlanıw da`rejesinin` joqarılıg`ı, o`nimdarlıqtın` to`menligi ha`m vegetatsiya da`wirinde paydalı temperaturanın` kemligi menen parq etip, bizin` diyxanlarımızg`a ko`p miynet jumsawg`a tuwra keledi.

Respublika territoriyası 3 zonag`a: qubla (A`miwda`rya, Beruniy, To`rtku`l, Ellikqala), oraylıq (Xojeli, No`kis, Qanlıko`l, Shomanay, Kegeyli) ha`m arqa (Shımbay, Qarao`zek, Taxtako`pir, Qon`ırat) zonalarg`a bo`linip, bul zonalar bir-birinen paydalı temperaturalar summası boyınsha bir-birinen parq etedi ha`m basqa walayatlar menen salıstırg`anda tu`pten parıqlanadı (keste 2.1.2).

ABBYY PDF Transformer 2.0
Click here to buy
www.ABBYY.com



Keste 2.1.2

***Qaraqalpaqstan zonalarında vegetatsiya da`wirinde ıssılıq resursları***

| Zonalar | Meteo stantsiya | + 5 | + 10 | + 5 | + 10 | Paydalı temperatura summası $^0$C |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | $^0$C dan joqarı temperatura summası | | $^0$S dan joqarı bolg`an ku`nler | | |
| Qubla | To`rtku`l | 4701 | 4346 | 240 | 201 | 2385 |
| Oraylıq | No`kis | 4343 | 4064 | 226 | 192 | 2147 |
| Arqa | Shımbay | 4106 | 3839 | 223 | 188 | 1958 |

Qaraqalpaqstan Respublikasında awıl xojalıq eginlerin jetistiriwde ha`m agrotexnikasında termik resurslar a`lbette esapqa alınıwı kerek.

Issılıq penen ta`miyinleniwin esapqa alg`an halda eginler tu`rine qarap diyxanshılıq qılınatug`ın zonalarg`a tuwrı keletug`ın egin sortların tan`law kerek. Bul u`lken a`hmiyetke iye, sebebi zonag`a tuwra kelmeytug`ın sort egilse, agrotexnikalıq sharalar jaqsı o`tkizilgeni menen egin pispey qalıwı mu`mkin.




*2-su`wret. Qaraqalpag`ıstan aymaqlarında +10 $^0$Cdan joqarı temperatura summası*

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



Qaraqalpaqstan Respublikası diyxanshılıq qılınatug`ın jerlerdin` ko`pshiligi (74%) topıraq quramında gumus (shirindi) mug`darının` ju`da` kem (0,40%) ha`m kemligi (0,40-0,80%) menen xarakterlenedi. Qalg`an maydanlarda topıraq mug`darında gumus mug`darı ortasha da`rejede (0,81-1,20%).

Qaraqalpaqstan Respublikasındag`ı ja`ne bir mashqalalardan biri bul egislik jerlerdin` shorlanıwı esaplanadı. 1980-jıllarda shorlanbag`an maydanlar 100 mın` gektar bolsa, ha`zir 20 mın` gektar, yag`nıy 5 ma`rtebe kemeygen, bul waqıtta ku`shli shorlang`an maydanlar 4 ma`rtebe astı.

A`mudarya deltası respublika territoriyası a`yemgi ha`m jas allyuvial topıraq qatlamlarınan turadı. Jer beti tegislik. Grunt suwları jer betine jaqın, ko`pshilik jerlerde ku`shli kebirlengen. Og`ada u`lken ken`islik territoriyada qamıslar o`sken. Shımbay, Beruni, Xojeli, To`rtkul ha`m Qon`ırat rayonlarının` jerleri diyxanshılıq oazisleri bolıp esaplanadı.

Qaraqalpaqstanda, a`sirese onın` arqa zonasında, otlaqlı ha`m otlaqlı kebir topıraqlı jerler basım keledi. Mexanikalıq sostavı boyınsha ha`r qıylı, soga topıraqtan basım ko`pshiligi qumlı-sazılaylı, shegelen topıraqlı.

N.Kimbergtin` xarakteristikasına muwapıq (1953) A`mudaryanın` ha`zirgi deltasındag`ı otlaqlı topıraqlardın` sostavında karbonatlardın` mug`darı joqarı, shirindinin` mug`darı az sanda, strukturası to`men, kebir ashıwg`a beyim, mexanikalıq sostavı boyınsha ko`pshiligi sazlı-qumlı topıraq. Jer astı grunt suwlarının` jaylasıwı teren`ligi 1 metrden 3 metrge shekem. Suwg`arılatug`ın otlaqlı topıraqlardın` joqarg`ı qatlamındag`ı shirindinin` mug`darı 0,8-2,5%. Suwg`arılatug`ın otlaqlı topıraqlarda ulıwma azottın` mug`darı 0,08-12%, $R_2O_5$-0,12% shamasında, kaliy-2% shamasında. Bunday topıraqlar mineral ha`m jergilikli to`gin beriwdi talap etedi.

Batpaqlı-otlaqlı topıraqlar suw salma ha`m sistemalı tu`rde suw basıp turatug`ın territoriyada jaylasadı, ol otlaqlı ha`m batpaqlı protsesslerdin` belgilerine iye boladı, usı eki topıraq tiplerinin` arasındag`ı o`tkel bolıp esaplanadı. Xarakterli belgisi-ajırıqlı shirindi topıraq. Grunt suwlarının` jer betine jaqın

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com
ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com


jaylasıwı sebebinen batpaqlı-otlaqlı topıraq qa`liplesedi. Bul topıraqlardın` u`stin qamıslar basıp ketedi.

Otlaqlı topıraqlar a`stelik penen ortasha izeylengen A`mudaryag`a ha`m onın` salalarına jaqın jaylasqan allyuvial qatlamlarda qa`liplesedi. Kebirler batpaqlı, otlaqlı ha`m tipli topıraqlı jerlerde ushırasadı. Joqarg`ı gorizontta kebir topıraqlar o`zinde 3% ten aslam duzlı birikpelerdi tutadı, kebirler grunt suwları jer betine jaqın (0,1 m) a`dewir da`rejede minerallasqan, tuyıq oy jerlerde payda boladı, onday jerler tiykarınan Aral ten`izinin` qubla jag`alarının` boylarında ushırasadı.

Otlaqlı kebirler kanallarg`a, qoltıqlarg`a, ko`llerge jaqın jaylasadı, olar otlaqlı topıraqlardın` joqarı da`rejede minerallasıwı menen ajıraladı. Tipli kebirler sostavında 7-10% ha`m onnanda ko`birek protsent duz mug`darı barlıg`ı menen xarakterlenedi, olar tiykarınan A`mudaryanın` ha`m magistral kanallardın` uzınlıg`ı boyınsha jaylasqan. Otlaqlı-taqırlı ha`m otlaqlı-qurg`aq topıraqlar otlaqlı topıraqlardan qa`liplesedi. Grunt suwlarının` qa`ddi 3-5 m teren`likte jaylasadı.

## 2.2.Ta`jriybenin` maqseti ha`m wazıypaları

**Jumıstın` aktuallıg`ı:** Bolgar burıshı selektsiyasında da`slepki material tiykarında jaydarı sortlarınan, sonday-aq ja`ha`n kollektsiyası ha`m qospaq populyatsiyalarının` jasalma shag`ılıstırıwdan alıng`an selektsiya sortlarınan paydalanıladı.

Bolgar burıshının` vegetatsiyalıq da`wiri texnikalıq pisiw da`wirine shekem 90-120 ku`n aralıgında., biologiyalıq pisiw da`wrine kirige shekem ja`ne 50-70 ku`n o`tedi. Miywelerinin` ortasha u`lkenligi 7-10 sm, eni 5-6 sm ge jetedi.

Bizin` sharayatımızg`a maslasqan sortlardı jaratıw ushın en` da`slep olardın` sortlarına, tuxımlıq sapasına itibar beriwimiz kerek, bul bolgar burıshın jetistiriwdi joqarılatıw, baw-baqshashılıqtı rawajlandırıwda a`meliy a`hmiyetke iye.

Tuxımlardın` pisiwi miywelerinin` biologiyalıq jetilisiw da`wiri menen bir waqıtta boladı. Bolgar burıshının bir danasınan sortlar boyınsha 130-250 dana

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



tuxım bolıp, 0,6-1,4% tuxım shıg`adı. 1000 dana tuxım awırlıgı 4,0-7,5 grammdı quraydı. 1 grammda 150-250 dana tuxım boladı.

**Jumıstın` maqseti.** Izertlewlerdin` maqseti Respublikamız klimat sharayatına iykemlesken sort tuxımlarının` sortlıq sapasın saqlap qalıw ha`m egislik sapasın jaqsılaw maqsetinde to`mendegi **wazıypalar** qoyıladı:

- Jetilistirip atırg`an qospaqlardın' o'nimdarlıq da'rejesin u'yreniw;
- Bolgar burıshının` qospaqlarının' zu'ra'a'tligin anıqlaw;

## 2.3.Ta`jriybe ob`ekti ha`m metodikası

Ta`jriybe ob`ekti sıpatında to`mendegi ***Denver $F_1$*** Franciyanın' «CLAUSE TEZIER» firmasının' qospag'ı, ***Maratos $F_1$***, ***Orion $F_1$*** Gollandiyanın' «ENZA-ZADEN» firmasının' rayonlastırılg'an. bolgar burıshı qospaqlarınan paydalandıq.

Bunın` ushın to`mendegi ta`jriybe metodlarınan paydalanıladı: dala ta`jriybeleri, tuxımlardın` egislik sapası labaratoriya sharayatında anıqlanadı.

Dala ta`jriybesi Shımbay fermer xojalıg`ında alıp barıladı. Dala ta`jriybeleri 4 qaytarıqta, 4,2 $m^2$ esap maydanında o`tkeriledi. Dala ta`jriybelerinde fenologiyalıq baqlawlar, biometrikalıq o`lshemler alıp barıladı, o`nimnin` mug`darı ha`m tovarbaplıg`ı, sonday aq miywelerden tuxım shıg`ımı anıqlanadı. Laboratoriya sharayatında 1000 dona tuxımlar massası, o`nip shıg`ıw energiyası ha`m ko`geriwshen`lik u`yreniledi. Egislik mu`ddetlerinin` tuxımlıq zu`ra`a`tligini ta`sirin u`yrendik. Alıng`an mag`lumatlardı statistikalıq analiz B.A.Dospexov (1985) metodikası boyınsha o`tkeriledi.

# III BAP.TA`JRIYBE NA`TIYJELERI HA`M OLARDI TALIQLAW

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

### 3.1. Bolgar burıshının` o'nimdarlıq ko'rsetkishleri u`yreniw

Tuxımgershilik tarawında ha`m o`nimlerdin` zu`ra`a`tligin arttırıwda tuxımlardın` shıg`ımın ha`m o`nimdarlıqtı aldınnan boljawda u`lken rol oynaydı. Tuxımlardın` iriligi – olardın` sapasın biliwdegi en` a`hmiyetli ko`rsetkish esaplanadı.

Qaraqalpaqstan sharayatında ken` tarqalg`an ha`m ma`mleketlik reestrge kiritilgen bolgar burıshı o`simliginin` zu`ra`a`tliligi ha`m egislik tuxımlardın` kem sarplanıwına u`lken ta`sirin tiygizetug`ın ko`rsetkishlerdin` biri tuxım shıg`ımın ha`m 1000 dana tuxım awırlıg`ı boyınsha ta`jriybe o`tkerdik.

Ta`jriybeler na`tiyjesinde miywelerdin` iriligi ha`m ondag`ı miyweler sanı ko`beygen sayın olarda iri tukımlar formalang`anın anıqladıq.

Bolgar burıshının` Maratos F1 de standart sortında bir miywenin` ortasha awırlıg`ı 110 gramm bolg`anda 1000 dana tuqım salmag`ı 5,22 gramm, al 1 grammında bolsa 242 dana tuqımlar bolatug`ınlıg`ı anıqlandı.

Keste 3.2.1.

***Rayonlasqan bolgar burıshı sort u`lgilerinin` 1000 dana tukım awırlıg`ı***

| Rayonlasqan bolgar burıshı sortları | Bolgar burıshı miywesinin` ortasha awırlıg`ı, g | 1000 dana tuqım salmag`ı, g | 1 gramm salmaqtag`ı tuqımlar sanı, dana. |
|---|---|---|---|
| Maratos $F_1$, | 88 | 5,10 | 219 |
| Denver $F_1$ | 96 | 5,17 | 231 |
| Orion $F_1$ | 110 | 5,22 | 242 |

Orion $F_1$ bul ko`rsetkishler to`mendegishe boldı yag`nıy bir miywenin` ortasha awırlıg`ı 96 gramm bolg`anda 1000 dana tuqım salmag`ı 5,17 gramm, al 1 grammında bolsa 231 dana tuqımlar esaplandı.

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

Sonday-aq ta`jriybedegi keyingi Denver F1 de bolsa miywe salmag`ı 78 gramm, 1000 dana tuqım awırlıgı 5,10 gramm boldı. Bul sorttın` 1 gramm salmag`ında 219 dana tuqım bolatug`ınlıg`ı anıqlandı.

Demek alıp barılg`an izertlewler na`tiyjesinde tuqım uyalar sanının` artıwı menen miywedegi tuqımler sanı ha`mde olardın` 1000 dana salmag`ı joqarılap baradı. 1000 dana tuqım salmag`ın anıqlawdan maqset tuxımgershilik xojalıqlarında ju`da` a`hmiyteli esaplanadı.




*Su`wret 4. Bolgar burıshı qospaqlarinda ortasha miywe awırlıg`ı, g.*

Miyweler qanshelli u`lken ha`m salmaqlı bolsa olardag`ı tuqımlar mug`darı sonshelli ko`p ha`m zu`ra`a`tlik jaqsı boladı. Bunnan tısqarı fermerler gektarına qansha tuqım ketiwin, olardın` iri-maydalıg`ına qaray normasın biliwge boladı.

Ta`jriybe dawamında bolgar burıshı qospaqlarının' miywe quramın da anıqladı. Bunda Maratos F1 de vitamin C 20,1 mg/%, nitratlar 83,2 mg/kg, qurg`aq zat mug`darı 6,0%, qant mug`darı 1,8% bar ekenligi anıqlandı (keste 3.2.2.).

Keste. 3,2.2.

***Rayonlastırılg`an bolgar burıshı qospaqları miywelerinin` bioximiyalıq quramı***

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

| Rayonlastırılg`an sortlar | Qurg`aq zat mug`darı, % | Eriwshen ` qurg`aq zat, % | Qantlı-lıg`ı % | Askorbin kislota (S vitamin) mug`darı, mg/% | Nitrat mug`darı, mg/kg |
|---|---|---|---|---|---|
| Maratos F1 | 5,7 | 4,2 | 2,0 | 88,0 | 200 |
| Denver F1 | 5,8 | 4,2 | 2,9 | 80,6 | 180 |
| Orion F1 | 6,0 | 4,0 | 2,8 | 126,3 | 231 |

Rayonlaskan Orion $F_1$ de bolsa qurg`aq zat mug`darı 6,0% ti, askorbin kislotası 126,3 mg/%. da ha`mde 231 mg/kg nitrat mug`darı, Denver F1 de bolsa, bul ko`rsetkishler to`mendegishe yag`nıy 5,8% qurg`aq zat, 80,6 mg/%.da askarbin kislotası ha`mde 180 mg/kg mug`darda nitratlar barlıg`ı anıqlandı.

Ovosh o`simlikleri tuxımları mayda – iriligine qarap bir neshe toparg`a bo`linedi. Solardan bolgar burıshı ortasha iriliktegi tuxımlar qatarına kiredi, yag`nıy bir grammda 150-250 danag`a shekem tuxımlar boladı.

Tuxımlardın` u`lken kishiligi (ken`ligi, uzınlıg`ı ha`m qalın`lıg`ı) olardı tazalaw ha`m ha`r qıylı fraktsiyalarg`a ajıratıw ushın tuxım tazalawshı ha`mde saylawshı mashinalardın` eleklerin tan`lawda u`lken a`hmiyetke iye. Egiw normasın biliw ushın 1000 dana tuxımnın` awırlıg`ın ha`m tuxımlar sanın a`hmiyetli orında turadı.

U`yrenilip atırg`an bolgar burıshının` tuxımlıq sapasına egisnın` ta`siri u`yrenildi.

Ta`jriybedegi Maratos F1 de sortı gektarına bir kilogramm tuxım sarplang`anda tu`p sanı 47 600 dana na`l jaylastırılıp, bir tu`ptegi miyweler sanı 17,6 danag`a jetti, bunnan ha`r bir miywedegi tuxımlar sanı ortasha 25,7 dana boldı. Al gektarına 1,5 kilogramm tuxım jumsalg`anda tu`p sanı 57 100 dana na`l jaylastırılıp, bir tu`ptegi miyweler sanı 15,7 dana bolıp, bunnan ha`r bir miywedegi tuxımlar sanı ortasha 21,9 dana boldı. Al u`shinishi variantta Maratos F1 de sortında tu`p sanı 71,4 mın` dana bolsa, bir tu`ptegi miyweler sanı 15,1 di quradı, sonnan miywedegi tuxımlar sanı 23,1 dana boldı.

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



Orion F1de sortı gektarına bir kilogramm tuxım sarplang`anda tu`p sanı 49 900 dana na`l jaylastırılıp, bir tu`ptegi miyweler sanı 15,4 danag`a jetti, bunnan ha`r bir miywedegi tuxımlar sanı ortasha 23,7 dana boldı. Al gektarına 1,5 kilogramm tuxım jumsalg`anda tu`p sanı 62 100 dana na`l jaylastırılıp, bir tu`ptegi miyweler sanı 12,2 dana bolıp, bunnan ha`r bir miywedegi tuxımlar sanı ortasha 16,9 dana boldı. Al u`shinishi variantta Orion F1de sortında tu`p sanı 77,8 mın` dana bolsa, bir tu`ptegi miyweler sanı 10,9 di quradı, sonnan miywedegi tuxımlar sanı 15,2 dana boldı.

Denver F1 de bolsa gektarına 1,0 kilogramm tuxım sarplang`anda tu`p sanı 48 000 dana na`l jaylastırılıp, bir tu`ptegi miyweler sanı 16,4 danag`a jetti, bunnan ha`r bir miywedegi tuxımlar sanı ortasha 26,7 dana boldı. Sonday-aq gektarına 1,5 kilogramm tuxım jumsalg`anda tu`p sanı 52 100 dana na`l jaylastırılıp, bir tu`ptegi miyweler sanı 13,6 dana bolıp, bunnan ha`r bir miywedegi tuxımlar sanı ortasha 20,9 danag`a jetti. Al u`shinishi variantta Denver F1 de tu`p sanı 67,8 mın` dana bolsa, bir tu`ptegi miyweler sanı 11,1 di quradı, sonnan miywedegi tuxımlar sanı 18,4 dana boldı.

Bolgar burıshının` tuxım sapasına onın` egiw norması da ta`sirin tiygizedi. Yag`nıy tu`p sanı qanshelli ko`p bolsa, azıqlanıw maydanı kemeyip o`nimdarlıqqa keri ta`sirin tiygizedi, sonday-aq miyweleri maydalasıwına alıp keledi.

## 3.3. Bolgar burıshının` qospaqlarının’ tuxımlıq sapasına mu`ddetlerinin` ta`sirin u`yreniw

Ta`jiriybe barısında alıng`an sortlardı u`sh tu`rli mu`ddette ashıq maydang`a na`lden egip analiz ju`rgizdik. Bunda u`yrenilip atırg`an bolgar burıshının` tuxımlıq sapasına 20-aprel, 1-may ha`mde 10-may ku`nleri Maratos F1 de, Orion F1de ha`m Denver F1 sortların egip baqlawlar alıp barıldı.

Ta`jriybedegi Maratos F1 de qjcgfusy u`sh mu`ddette egip biometrikalıq ha`m statistikalıq analiz o`tkergenimizde 20-aprel ku`ni ashıq maydang`a na`lden otırg`ızılg`anda o`simlik biyikligi miywenin` texnikalıq pisiw waqtında 75,2 sm

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com
ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



boldı, 1-may ku`ni egilgen na`ller biyikligi 60,0 sm, al 10-may ku`ni egilgen na`ller biyikligi miywenin` texnikalıq pisiw da`wirinde 49,3 sm ge jetti. Ulıwma o`nimdarlıg`ı 20-apreldegi mu`ddette egilgenleri 27,5 tonna gektarına, 1-may mu`ddetinde egilgen na`ller o`nimdarlıg`ı 26,7 tonna gektarına, 10-mayda egilgen waqıtta 24,1 tonna gektarına o`nim alındı (keste 3.3.1).

Keste. 3.3.1

***Egiw mu`ddetlerinin` bolgar burıshı jer beti bo`limlerinin` qa`liplesiwine ha`m zu`ra`a`tlikke ta`siri***

| Egiw mu`ddetleri | O`simlik biyikligi, sm | Bir tu`ptegi miyweler sanı | Zu`ra`a`tlik, t/ga | |
|---|---|---|---|---|
| | | | Ulıwma zu`ra`a`tlik | Tovarlıq zu`ra`a`tlik |
| Maratos F1 de | | | | |
| 20-aprel | 75,2 | 17,6 | 27,5 | 24,2 |
| 1-may | 60,0 | 15,7 | 26,7 | 25,0 |
| 10-may | 49,3 | 15,1 | 24,1 | 22,6 |
| Orion F1de | | | | |
| 20-aprel | 73,0 | 15,4 | 38,2 | 35,4 |
| 1-may | 50,2 | 12,2 | 33,5 | 32,2 |
| 10-may | 43,7 | 10,9 | 29,3 | 23,0 |
| Denver F1 | | | | |
| 20-aprel | 74,1 | 16,4 | 33,3 | 28,8 |
| 1-may | 76,5 | 13,6 | 30,0 | 29,5 |
| 10-may | 69,2 | 11,1 | 28,2 | 25,0 |

Ta`jriybedegi Orion F1de sortında 20-aprel ku`ni ashıq maydang`a na`lden otırg`ızılg`anda miywenin` texnikalıq pisiw waqtında o`simlik biyikligi 73,0 sm

ABBYY PDF Transformer 2.0
Click here to buy
www.ABBYY.com



boldı, 1-may ku`ni egilgen na`ller biyikligi 50,2 sm, al 10-may ku`ni egilgen na`ller biyikligi miywenin` texnikalıq pisiw da`wirinde 43,7 sm ge jetti. Ulıwma o`nimdarlıg`ı 20-apreldegi mu`ddette egilgenleri 38,2 tonna gektarına, 1-may mu`ddetinde egilgen na`ller o`nimdarlıg`ı 33,5 tonna gektarına, 10-mayda egilgen waqıtta 29,3 tonna gektarına o`nim alındı

Bolgar burıshının` kesh piser Denver F1 sortı bolsa 20-aprel ku`ni egilgen na`llerdin` miywenin` texnikalıq pisiw da`wirinde ortasha biyikligi 74,1 sm, 1-may ku`ni egilgeni 76,5 sm, 10-may ku`ni egilgeni 69,2 sm di quradı (keste 3.3.2).

Keste. 3.3.2

*Rayonlasqan ha`r qıylı mu`ddetlerde egilgen bolgar burıshı qospaqlarının' ekonomikalıq na`tiyjeliligi*

| Egiw mu`ddetleri | O`nimnin` ulıwma bahası, mın` sum | 1 ga ketetug`ın o`ndirislik qarjı, mın` sum | 1 ga sap payda, mın` sum | O`zine tu`ser bahası, 1ts. sum | Rentabellik, % | Zu`ra`a`tlik, t/ga | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | Ulıwma zu`ra`a`tlik | Tovarlıq zu`ra`a`tlik |
| Maratos F1 de st. | | | | | | | |
| 20-aprel | 5800 | 3519 | 2350 | 40045 | 50,3 | 27,5 | 24,2 |
| 1-may | 5596 | 3500 | 770 | 51100 | 27,1 | 26,7 | 25,0 |
| 10-may | 4156 | 3557 | -608 | 61423 | -16,0 | 24,1 | 22,6 |
| Orion F1de | | | | | | | |
| 20-aprel | 5260 | 3519 | 1745 | 38040 | 33,3 | 38,2 | 35,4 |
| 1-may | 3745 | 3500 | 979 | 50647 | -1,5 | 33,5 | 32,2 |
| 10-may | 2450 | 3557 | -400 | 63229 | -23,7 | 29,3 | 23,0 |
| Denver F1 | | | | | | | |
| 20-aprel | 5636,5 | 3519 | 1614,2 | 44038 | 46,2 | 33,3 | 28,8 |
| 1-may | 3958,5 | 3500 | 544,8 | 54285 | 14,1 | 30,0 | 29,5 |
| 10-may | 2554,5 | 3557 | -111,5 | 70597 | -34,0 | 28,2 | 25,0 |

Ortasha zu`ra`a`tlik 20-aprel ku`ni egilgende 33,3 tonna gektarına, 1-may ku`ni egilgeni 30,0 tonna gektarına, 10-may ku`ni egilgeni 28,2 tonna gektarına o`nim berdi.

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



Demek bolgar burıshı sortlarının` ulıwma ha`m tovarlıq zu`ra`a`tligi standartqa salıstırg`anda jaqsı zu`ra`a`t bergeni Orion F1de ha`m Denver F1 sortları 20-aprel ha`m 1-may ku`ni egilgende joqarı n`a`tiyje berdi.

Qaraqalpaqstan sharayatında bolgar burıshının` rayonlasqan Orion F1de ha`m Denver F1 sortların 1-may ku`ni gektarına 1 kilogrammnan tuxım ekkende on`ın` egislik sapası ha`m o`nimdarlıg`ı joqarı bolıwın analizlep shıqtıq.

Tuxımlıq alıw maqsetinde sınalg`an sortlardın` egiw mu`ddetlerine qaray sap (taza) payda Maratos F1 de sortında 20-aprelde 2350 mın`.sum, al 1-mayda 770 mın` sumdı, Orion F1de sortında 1745 mın` sum ha`m 979 mın` sum, sonday – aq Denver F1 de bolsa 1614,2 mın` sum ha`m 544,8 mın` sumdı quradı.

ABBYY PDF Transformer 2.0
Click here to buy
www.ABBYY.com



## JUWMAQLAW

1. Ta`jriybedegi bolgar burıshının` barlıq qospaqlarında dala ko`geriwshen`likke ha`m tuxımlardın` o`nip shıg`ıw tezligine jaqsı na`tiyje berdi.

2. Bolgar burıshının` tuxım sapasına onın` egiw norması da ta`sirin tiygizedi. Yag`nıy tu`p sanı qanshelli ko`p bolsa, azıqlanıw maydanı kemeyip o`nimdarlıqqa keri ta`sirin tiygizedi, sonday-aq miyweleri maydalasıwına alıp keledi.

3. Bolgar burıshı sortlarının` ulıwma ha`m tovarlıq zu`ra`a`tligi Orion $F_1$de ha`m Denver F1 sortları 20-aprel ha`m 1-may ku`ni egilgende joqarı n`a`tiyje berdi.

4. Qospaqlardın' egiw mu`ddetlerine qaray sap (taza) payda Maratos F1 de sortında 20-aprelde 2350 mın`.sum, al 1-mayda 770 mın` sumdı, Orion F1de sortında 1745 mın` sum ha`m 979 mın` sum, sonday – aq Denver F1 de bolsa 1614,2 mın` sum ha`m 544,8 mın` sumdı quradı.

## USINIS

Qaraqalpaqstan sharayatında bolgar burıshının` rayonlasqan Orion F1, Maratos F1 ha`m Denver F1 qospaqların ba`ha`r jaqsı kelgende 20-aprelde egilse joqarı zu'ra'a't alıwg'a erisemiz. Demek sınalg'an barlıq qospaqlar Qaraqalpaqstan sharayatında joqarı na'tiyje berdi.

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



# IV BAP. O`NDIRISTE INSAN O`MIRI QA`WIPSIZLIGI

G`a`rezsiz O`zbekistanda ha`m puxaraların ha`r tu`rli ko`rinistegi ayırıqsha jag`daylar ha`m apatshılıqlardan saqlaw ruwxında ta`rbiyalawg`a bag`darlang`an. Usı ko`z qarastan kelip shıg`ıp xalıqımızdı dushpan ta`repinen bolatug`ın ishki ha`m sırtqı ta`sirlerden saqlaw, ha`zirgi ku`nnin` en` tiykarg`ı wazıypalarınan biri bolıp esaplanadı, ekinshi ta`repten bizin` u`lkemiz ta`biyg`ıy apatshılıqlar bolıwına qolaylı u`lke bolg`anlıg`ınan ha`mde texnogen avariyalar, katastrofalar ha`m ekologiyalıq ten` salmaqlıqtın` bwzılıwı na`tiyjesinde olardın` aqıbetlerinen puxaralardı, xalıq xojalıg`ı tarawlarının` materiallıq resursların, texnologiyanı ha`m ta`biyattı asıraw, zıyan ko`rgen aymaqlardı qutqarıw ha`m tiklew jumısların alıp barıw en` tiykarg`ı ma`seleler bolıp esaplanadı.

Ha`zirgi ku`nde paxta jetistiriw ha`m jıyıp-terip alıwda jan`a joqarı o`nimdarlı mashina-traktor agregatları, o`simliklerdi kesellik ha`m zıyankeslerden qorg`awshı ximiyalıq qurallar islep shıg`arılmaqta ha`mde ken` qollanılmaqta. Bunday jag`daylarda qa`wipsizlik texnikası talaplarının` azg`ana buzılıwı ha`mde qa`wipli jag`daydı payda qılıw o`z na`wbetinde baxıtsız ha`diyselerge alıp keliwi mu`mkin. Adamlardın` turmıs ha`reketi qa`wipsizligi ma`mleketimizdin` ekonomikalıq ha`m sotsial siyasatının` en` a`hmiyetli bag`darlarının` biri bolıp esaplanadı. Ka`rxanalarda, ja`miyetlik ha`m fermerlik xojalıqlarında ha`mde mashina traktor parklerinde qa`wipsiz ha`m zıyansız texnologiyalıq protsessler, a`sbap-u`skeneler ha`m texnikalar jan`a tu`rleri usınılmaqta. Olar qa`wipsizlik talapların itibarg`a alınıp islep shıg`ılg`an. Islep shıg`arıwdag`ı texnikalardın` qa`wipsizlik jag`dayı u`stinde ma`mleket, ka`rxana ha`m ja`miyetlik qadag`alaw ornatılg`an.

Miynetti qorg`awdın` en` a`hmiyetli wazıypalarınan biri jumıs orınlawshı adamlardın` qa`wipsizligin ta`miyinlewden ibarat. Miynet qa`wipsizligi - miynet etiwdin` sonday jag`dayı, onda jumısshının` qa`wipli yamasa zıyanlı islep shıg`arıw faktorlar ta`sirinin` aldı alıng`an boladı.

ABBYY PDF Transformer 2.0
Click here to buy
www.ABBYY.com



ABBYY PDF Transformer 2.0
Click here to buy
www.ABBYY.com

Ha`r qanday islep shıg`arıw protsessinde fizikalıq yamasa ximiyalıq qa`wipli islep shıg`arıw faktorları boladı, olardın` adamg`a ta`sir etiwi jaraqatlanıwg`a alıp keliwi mu`mkin. Fizikalıq qa`wipli islep shıg`arıw faktorlarına to`mendegiler: mashina agregatlarının` aylanıstag`ı elementleri (lentalar, shınjırlar, shesternyalar ha`m t.b.), ha`reketlenip atırg`an avtomobil, traktor yamasa basqa mashinalar kiredi. Ximiyalıq qa`wipli islep shıg`arıw faktorların islep atırgan organizmige pestitsidler, mineral to`ginler yamasa basqa ximiyalıq bo`leksheler ta`sir etkeninde ju`zege keledi. Bul faktorlardın` ta`siri texnologiyalıq protsesslerdin` qa`siyetlerine, miynet etiw protsessinin` sho`lkemlestiriliwine, mashina-traktor agregatlarının` du`zlisine baylanıslı. Qa`wipli islep shıg`arıw faktorları ashıq yamasa jasırın bolıwı mu`mkin. Ashıq qa`wipli islep shıg`arıw faktorları-bular ko`rinetug`ın, esitiletug`ın sırtqı belgileri bar faktorlar. Jasırın qa`wipli islep shıg`arıw faktorları mashina, mexanizmlerde turaqlı ra`wishte avariya jag`dayına alıp keletug`ın faktorlar.

Ja`miyetlik ha`m fermerlik xojalıqlarında miynetti qorg`aw boyınsha juwapkershilik usı xojalıqlardın` basshılarına ju`klengen bolıp, bul isti basshı orınbasarı yamasa basqarıw ag`zalarınan birine tapsırıwı mu`mkin. Basqarıwdın` arnawlı qararı menen ha`r qaysı islep shıg`arıw tarmag`ı: uchastkada, ustaxanada, fermada, brigadada, digirmanda, qırmanda, qurılısta ha`m t.b. da miynetti qorg`awg`a juwap beretug`ın adamlar tayınlanadı.

Miynet qa`wipsizligi boyınsha islep shıg`arıw uchastkaları ha`m xojalıqtag`ı juwapker adamlardın` tiykarg`ı is bag`darları to`mendegishe:

1. Sho`lkemlestiriw jumısları;
2. Jumıs islew jag`dayların jaqsılaw;
3. Texnika qa`wipsizligin jetilistiriw;
4. Miynet qa`wipsizligi jag`dayın qadag`alap turıw:
   a). Ka`rxana ta`repinen qadag`alaw;
   b). Adminstrativlik qadag`alaw;
   v). Ka`siplik awqamının` qadag`alawı.

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



Awıl xojalıg`ı sistemasına tiyisli ka`rxanalardın` basshılarına to`mendegilerdi basqarıw tapsırıladı:

A). Ka`siplik awqamı menen miynetti qorg`aw jag`dayın jaqsılaw ila`jlerinin` rejelerin islep shıg`ıw.

B). Ka`siplik sho`lkemleri menen miynetti qorg`awg`a baylanıslı sha`rtnamalar du`ziw.

V). Bar normativ hu`jjetlerge tiykarlanıp arnawlı kiyimler, sabın ha`m qorg`awshı u`skeneleri menen ta`miyinlew.

G). Islep shıg`arıw imaratlarının` sanitariyalıq jag`dayların qadag`alaw.

D). Ka`rxananın` texnika qa`wipsizligin ha`m sanitariyalıq jag`dayın jeke qadag`alaw.

E). Jumısshılar, injener-texnik isshilerdi ha`m xojalıq jumısshılarına ta`lim beriw ha`m bilimlerin tekseriw.

J). Jumıs orınların eskertiwshi jazıwlar, plakatlar, texnika qa`wipsizligi qollanbaları ha`m kerekli a`debiyatlar menen ta`miyinlew.

Z). Belgilengen mu`ddette jaraqatlanıwlar haqqındag`ı esabatlardı ha`m islep shıg`arıw sanitariyasına ajıratılg`an qarjılardı o`zlestiriw haqqındag`ı mag`lıwmattı berip turıw.

## 2. Xojalıq qa`niygeleri ha`m basshı adamlardın` huqıqı ha`m wazıypaları

Ja`miyetlik xojalıqları bas qa`niygelerine miynetti qorg`aw boyınsha to`mendegi wazıypalar ju`kletilgen:

- jan`a jumısqa qabıl qılınıp atırg`an adamlar menen kirisiw (ulıwma) instruktajdı o`tkeriw;
- islep shıg`arıw protsessin mexanizatsiyalastırıw ha`m avtomatlastırıw, qa`wipli shegaralarda arnawlı qorg`anıw maslamaların sho`lkemlestiriw;
- nasaz, iske jaramsız mashinalardı qollanbaw ha`mde jumısshılardı salamatlıg`ı ushın qa`wipli uchastkalarda jumıs islemewin qadag`alaw;

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



- xojalıqtın` ha`mme bo`limlerinde za`ha`rli ximikatlardı isletiwde texnika qa`wipsizligi qag`ıydaların, sanitariya talapların, miynetti qorg`awg`a tiyisli qag`ıydalar ha`m normativler, jol-jobalardın` ha`mde buyrıqlardın` orınlanıwın ta`miyinlew.
- islep shıg`arıwda sa`dir bolg`an baxıtsiz ha`diyseler sebeplerin tekseriw ha`m analiz qılıw.

Miynetti qorg`awdın` basqarıw sistemasının` tiykarg`ı wazıypaları to`mendegilerden turadı: miynetti qorg`aw ma`selelerin xızmetkerler arasında tu`sindiriw ha`m jumısshılarg`a qa`wipsiz miynet etiw jag`dayların oqıtıw, islep shıg`arıw u`skenelerin, islep shıg`arıw protsesslerin, imarat ha`m binalardın` qa`wipsizligin ta`miyinlew; sanitariya-gigienalıq miynet sha`riyatların normalastırıw; jumısshılardı jeke qorg`anıw quralları menen ta`miyinlew; jumısshılarg`a en` qolaylı dem alıw ha`m islew jag`dayların jaratıp beriw; jumısshılardın` emleniw-profilaktika xızmetin sho`lkemlestiriw; ayırıqsha qa`niygelikler boyınsha jumısshılardı ka`sibine qaray tan`law o`tkeriw; jumısshılarg`a sanitariya-sotsiallıq xızmet ko`rsetiwden ibarat.

## 3. Miynetti qorg`aw boyınsha normativ-xabarlandırıw xu`jjetleri menen ta`miyinleniwi

Normativ-xabarlandırıwlar menen ta`miyinlewi o`z usınısları arqalı ka`rxana basshıları ha`m bo`limlerdin` qollanbaları (miynetti qorg`aw boyınsha), miynetti qorg`aw jumısları ha`m juwapkershiligi boyınsha standartlar ha`m buyrıqlar, profilaktika ha`m meditsinalıq ko`rikten o`tkeriw, qa`wipsiz miynet boyınsha ka`rxana standartların iske qosıw, o`rtke qa`wipli u`skenelerdi biriktiriw, miynet qa`wipsizligi jag`dayı ha`m onı jaqsılaw is ila`jleri, ha`r jılı qa`wipsiz miynet etiw ma`seleleri boyınsha oqıtıw ha`m bilimlerin tekseriw; jumıs orınların attestatsiyadan o`tkeriw ha`m tuwrı usınıslar kirgiziw, miynet qa`wipsizligi boyınsha ko`rik-tan`lawlar o`tkeriw ha`m sho`lkemlestiriw; o`te ha`m joqarı

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

da`rejede qa`wipli jumıslardag`ı jumısshılardı qayta attestatsiyadan o`tkeriw, ayrım tu`rdegi islerdin` qa`wipsiz orınlanıwın sho`lkemlestiriw ha`m basqalar.

Xojalıqlardı standartlar menen ta`miyinlewdi du`kanlar tarmag`ı arqalı standartlardı oraylastırılg`an halda bo`listiriw jolı menen a`melge asırıladı.

Xojalıq adminstratsiyası N-1 mag`lıwmatnamasına tiykarlanıp baxıtsız ha`diyseler tuwrısında, yarım ha`m bir jıllıq esabatların O`zbekistan Respublikası oraylıq statistika basqarması ta`repinen belgilengen formag`a tiykarlanıp toltıradı. Islep shıg`arıwda sa`dir bolg`an baxıtsız ha`diyseler boyınsha esabatqa xojalıq basshısı ha`m ka`siplik awqamı wa`killeri ta`repinen qol qoyıladı. Ka`siplik awqamı o`zinin` ma`jlisinde xojalıq basshıları islep shıg`arıwda sa`dir bolg`an baxıtsız ha`diyselerdi joq etiw sebeplerin ha`m profilaktikalıq is ila`jlarının` orınlanıwın qadag`alaw haqqındag`ı bayanatı tın`lanadı.

Miynetti qorg`awdın` jag`dayı boyınsha esabat profilaktika isleri, jarqatlanıwları ha`m keselleniwleri boyınsha alıng`an mag`lıwmatlardın` derekleri tiykarında du`ziledi. Bunday xabarlandırıw dereklerine to`mendegiler kiredi: jag`daylardı jaqsılawdın` kompleks rejesi; miynetti qorg`awda sanitariya-emlew is ila`jlerinin` orınlanıwı boyınsha esabatı (forma №1-T jıllıq); «Waqtınshalıq iske jaramsızlıg`ı sebepli jumısqa shıqpag`an ku`nler sanı, islep shıg`arıwdag`ı baxıtsız ha`diyseler na`tiyjesinde ja`birleniwshilerge ha`m miynet qa`wipsizligi is ila`jlerinen sarıplang`an qarjılar boyınsha esabatı» (forma №7- TVN jıllıq); «Awıl xojalıg`ındag`ı jumısshılardın` ka`siplik kesellikleri boyınsha esabatı» (forma № 43-KX); «Ja`ma`a`tlik sha`rtnamalardın` du`ziliwi ha`m orınlanıwı boyınsha esabatı» (forma №1- JSh)

Xojalıqlar ha`m ka`rxanalardın` miynet qa`wipsizligi talaplarına juwap beriwshiligin ta`miyinlew maqsetinde pasportlastırıw o`tkeriledi. Pasportlastırıwdı bo`lim (uchastka) basshılar o`tkeredi. Pasportlastırıwdı o`tkeriw tuwrısında buyrıq shıg`arıw ha`m ob`ektlerdi tayarlawdı ta`miyinlew kerek boladı.

Pasportlastırıwdın` metodikası, sonnan ibarat, yag`nıy ha`r bir islep shıg`arıwshı bo`lim (uchastka) boyınsha bir qansha pasportlastırıwdın`

ABBYY PDF Transformer 2.0
Click here to buy
www.ABBYY.com



ABBYY PDF Transformer 2.0
Click here to buy
www.ABBYY.com

texnologiyalıq betleri toltırıladı, bular bo`lim pasportın payda etedi. Ol imarat haqqındag`ı mag`lıwmatlardın` ulıwma xarakteristikası, tsexlar, uchastkalar, islep shıg`arıw kategoriyaları, partlaw ha`m janıw qa`wipi boyınsha xanalar klassı, qolaylı miynet jag`dayında isleytug`ınlar sanı, sanitariya-demalıs xanalar menen ta`miyinleniwi, arnawlı kiyimlerdi juwıw ha`m on`law punktleri, meditsinalıq punktlerin qurıw ha`m u`skenelew, asxana, miynetti qorg`aw kabinetleri ha`m mu`yeshleri, sanitariya-demalıw xanalar rejesi, miynetti qorg`aw qurılmaları anıqlamaların (qorg`awshı tosıqlar ha`m signal beriwshi maslamalardın` barlıg`ı, elektr tokınan qorg`anıw quralları, jeke qorg`anıw quralları, miynet jag`daylarına baha beriwshi u`skeneler, o`rt o`shiriw quralların` barlıg`ı) o`z ishine aladı. Kartalardag`ı mag`lıwmatlardın` quramında, so`z benen qısqartırılg`an juwap ha`m sanlı mag`lıwmatlar formasında berilgen. Ko`pshilik kartochkalarına sınaw, ekspertiza, ra`smiylestiriw, tekseriw mag`lıwmatları qosıp qoyıladı. Miynet qa`wipsizligin ha`m jag`daylardın pasportlastırıwdın` na`tiyjelerin islep shıg`arıwda miynet jag`daylardın jaqsılaw is ila`jlerin joybarlastırıwda paydalanıladı.

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com
ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com



## PAYDALANILG`AN A`DEBIYATLAR


1. Karimov I.A. Razvitie selskogo xozyaystva – istochnik blagosostoyaniya naroda. Rech na X sessii Oliy Majlisa // Gazeta «Pravda Vostoka», ot 26 dekabr, 1997j.

2. O`zbekstan respublikası Oliy majlisinin` 2002-jıl, 29-avgustta «Selektsiya jetiskenlikleri» xaqqında tastıyqlang`an qararı

3. O`zbekstan respublikası Oliy majlisinin` 1996-jıl, 29-avgustta «Tuxımgershilik xaqqında» tastıyqlang`an qararı

4. Uzbekiston Respublikasi xududida ekish uchun tavsiya etilgan qishloq xwjalik ekinlari davlat reestri. // Tashkent. MSVX. 2011 j.. – b. 27-28.

5. Abbasov A.M. Kachestvo semyan tomatov i ogurtsov v zavisimosti ot vozrasta semennogo ploda // Sabzavot, poliz, kartoshka ekinlari selektsiyasi, urug`chiligi va etishtirish texnologiyasi. – Tashkent – 2005., – B. 53-57.

6. Abbasov A.M. Vliyanie vozrasta semennogo ploda na kachestvo semyan ogurtsa // Sovremennoe sostoyanie i perspektiv□ razvitiya selektsii i semenovodstva ovoshn□x kultur. Mejdunarodn□y simpozium 9-12 avgusta 2005j. Material□ dokladov, soobsheniy. t. 2. – Moskva: VNISSOK, 2005. – B. 301-303.

7. Alekseev R.V. Vliyanie usloviy v□rashivaniya tomatov na kachestvo ix semyan. // Konservnaya i ovoshesushilnaya prom□shlennost – Moskva, 1966. –№ 1. – B. 25-30.

8.Aliev Ch.S.,Kerimov A.A. O vozdel□vanii pertsa sladkogo v usloviyax Azerbaydjana. M., 2000, b.150-151.

9.Baxramov B.B. Ispolzovaniekollektsionn□xobraztsovVNIIRvselektsii; pertsa sladkogo na skorospelost v usloviyax respublikiUzbekistan.\\Mejdunarodn□y simpozium po selektsii i semenovodstvu ovoshn□x kultur. Moskva, 1999, b.80-82.

10.Buxarova A.R., Buxarov A.F. Zuxra skorospel□y, drujno sozrevayushiy sort pertsa.\\Tezis□ dokladov mejdunarodnoy nauchnoy konferentsii molod□x uchen□x-ovoshevodov (vtor□e Kvasnikovskiechteniya). Moskva 2000, b.20-22.

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com
ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com




11. Buriev X.Ch. Sabzovot ekinlari selektsiyasi va urug`chiligi. Toshkent: Mexnat, 1999. – b.225-246.

12. Buriev X.Ch., Zuev V.I., Kadirxodjaev O.K. Sabzavot ekinlari selektsiyasi, urug`chiligi va urug`shunosligidan amaliy mashg`ulotlar. – Toshkent, Mexnat, 1997. – b.84-93.

13. Buriev X.Ch., Sultanov K.S., Abdikayumov Z.A. Sevimli sabzavotlar: tanlan’, etishtirin’ va qullan. B. 46-48.

14. Dusmuratova B.I. Puti uluchsheniya semenovodstva tomata v Uzbekistane // Tezis□ dokladov Mejdunarodnoy nauchno - prakticheskoy konferentsii «Osnovn□e napravleniya i perspektiv□ selektsii i semenovodstva ovoshe-baxchev□x kultur i kartofelya». – Tashkent – Termez: MSVX. 2001. – B.56-60.

15. Dusmuratova B.I., Abdikayumov Z.A. Puti nauchnogo obosnovaniya proizvodstva v□sokokachestvenn□x semyan tomatov // Wzbekiston agrar fani xabarnomasi. – Tashkent, 2002. – № 4(10). – B. 115-116.

16.Ershova V.L. Vozdel□vanie pertsa sladkogo v MCCP. Rekomendatsii. Kishinev. Moldagroinform reklama, 1990, b.1-15.

17.Juchenko A.A. Adaptivnaya sistema selektsii rasteniy (ekologo-geneticheskie osnov□): Monografiya. Vdvuxtomax. -M.:Izdatelstvo RUDN,2001.b.708,b.780.

18. Juchenko A.A. K problemam nauchnogo obespecheniya ovoshevodstva // Kartofel i ovoshi. – Moskva, 2002. – №2. – B.3-6.

19. Kozubaev Sh., Rashidova D, Rakipov V., Rafikov D. Raznokachestvennost semyan - ob`ektivnaya realnost // Wzbekiston kishlok xujaligi. – Tashkent, 2005. – №1. – B.12-13.

20. Kizilova E.J. Formirovaniya semyan v predelax sotsvetiya. // Raznokachestvennost semyan. – Kiev: Urojay, 1974. – b.33-51.

21. Krug J. Ovoshevodstvo. – Moskva: Kolos, 2000. – b.108-112.

22. Kuchkarov B.K., Djanikulov B., Saburov B. Urojayn□e kachestva semyan d□n v zavisimoti ot ploshadi pitaniya roditelskix rasteniy ix v□rashivaniya // Trud□ nauchno-issledovatelskogo instituta ovoshe-baxchev□x kultur i

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com
ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com


kartofelya. v□p. XI. Vopros□ selektsii, semenovodstva i agrotexniki ovoshe-baxchev□x kultur i kartofelya v Uzbekistane. – Tashkent, 1974. – B. 43-48.

23.Krutko R.V., Otsenka isxodn□x form pertsa sladkogo pri selektsii na geterozib.\\Mejdunarodnaya nauchno-prakticheskaya konferentsiya "Prioritetn□e napravleniya v selektsiii semenovodstve selskoxozyaystvenn□x rasteniy v XXI veke Moskva 2003, b.203-204.

24.Lakin G.F.Biometriya.\\M.,«V□sshayashkola», 1990, b.1-352.

25.Loskutova T.L. Nov□e obrazts□ pertsa sladkogo iz Niderlandov. Moskva 1999 g. b.194-195.

26.Ludilov V.A., Gikalo G.S, Gim R.A. Kultura pertsana Severnom Kavkaze. /KGAU. Krasnodar,1999,b.214.

27.Mamedov M.I., P□shnaya O.N. Selektsiya rannespel□x geterozisn□x gibridov Fi pertsa sladkogo. \\Tezidopovshe vt; mejdunarodnogo nauno-praktisekogo konfirentsii : "Seleshyaovochev□x baxchev□x kultur geterozis", Xaryuv, 1996, b.42-43.

28.Martirosyan G.S. Perspektivn□e geterozisn□e gibrid□ pertsa.\\Selektsiya i semenovodstvo ovoshn□x i baxchev□x kultur. Moskva, 1998, b.130-131.

29.Metodicheskie rekomendatsii po primeneniyu matematicheskix metodov dlya analiza eksperimentaln□x dann□x po izucheniyu kombinatsionnoy sposobnosti.NII selektsii i genetiki im.V.Ya.Yureva,1980.

30.Metodicheskie ukazaniya po selektsii sortov i gibridov pertsa, baklajana dlya otkr□togo i zashishennogo grunta. RASXNVNIISSOK podred.Pivovarova V.F.M:, 1997, b.88.

31.Morozkina T.S., Suxolinskiy V.I., Strelnikov A.B. \\Vopros□ Meditsinskoy ximii,1991,№6,b.59.

32. Muxin V.D. Xarakteristika posadochnogo i posevnogo materiala. Ovoshevodstvo. – Moskva: Kolos, 2003. – b. 103-112.

33.Oberbayl K.O.Vitamin□-Tseliteli.\\Mn.: Paradoks,1997.b.448

34.Pivovarov V.F., Lebedeva A.T., Nosovat S.M. idr. Programma razvitiya selektsionn□x rabot po ovoshn□m kulturam v Nechernozemnoyzone Rossii do 2010 goda.\\Moskva,1993,b.1-158.

35.Potapovich A.I., Kostyuk V.A., Morozkina T.S. Vliyanie komplekavitaminov-antioksidantov E,S, A na effekt□ radikal i nitsiiruyushix soedineniy invivo. \\Vestnik Belorusskogo Gosudarstvennogo Universiteta, seriya 2,№1,2001,b.51-55.

36.Romanovskiy V.E., Sinkova E.A. Vitamin□ i vitaminoterapiya. Rostovn/D: «Feniks»,2000. b.320

37.Solomatin M.I, Buxarov A.F, Buxarova D.R. Xozyaystvenno-biologicheskaya xarakteristika perspektivn□x form mejvidov□x gibridov pertsa. Moskva,2000, b.66-69.

38.Timina O.O., Ilenko T.S. Sladkiy i ostr□y perets. Naukam—ovoshevodstvu Moldavii.1990,b.40.

39.Timina O.O. Napravleniya i rezultat□ selektsiiner sladkogo pertsa dlya otkr□togo i zashishennogo grunta. Moskva, 1999, b.353-354.

40. Xakimov R.A., Xakimov A.S., Toshmuxammedov A.A. Sabzavot va poliz ekinlari urug`chiligi. Tashkent. «Tashkent Islom universiteti baspaxanas□» – 2003. b. 89-92.

41. Xakimov R.A., Xoldorov M., Rasulov F. Ekinlarni ertagi muddatda ekish. // O’zbekiston qishloq xujaligi №3, 2015, 6-b.